ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№13 (23.171) • 2016 гъэм щІышылэм (январым) и 27, бэрэжьей • ТхьэмахуэМ тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зэрыхуэхьэзырыр къапщытэ

Меликов Сергейрэ Пучков Владимиррэ.

УФ-м къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и министр Пучков Владимир дунейм и къэхъукъащІэхэм япэщІэтыныжмкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьынымкІэ Зыуэ щыт къэрал Іуэхущапіэмрэ Урысейм и МЧС-м и къудамэхэмрэ я къалэнхэр гъэзэщІэным Кавказ Ищхьэрэм зэрыщыхуэхьэзырыр къепщытэ. Апхуэдэ Іуэхугъуэ дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэкІуэкІащ. Абы щІыгъуащ Урысей Федерацым и Президентым и полномочнэ лъыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Меликов Сергейрэ республикэм и Іэташхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ. ЯщэщыкІэ ахэр щыІащ Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щыналъэ центрым и аэромобиль гуп зэгъэуІуар здэщыІэну щІыпІэм.

ИУЖЬКІЭ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэс-къегъэлакІуэ часть №2-м и лэжьыгъэм зыхагъэгъуэзащ, цІыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтІауэ я къалэнхэм зэрыхуэхьэзырыр къапщытащ. МафІэс-къегъэлакІуэ частым и плъырхэм министрым яритащ Урысейм и МЧС-м и дамыгъэр зытет сыхьэтхэр, Іэнатіэм и ветеранхэм яхуэзащ.

КъыкІэлъыкІуэу хьэщІэхэр яхуеблэгъащ Налшык щауха «Дыгъафіэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академием. Абдежым абыхэм «Къегъэлакіуэ ныбжьыщІэ» классыр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къыщыізэІуахащ, абы щеджэну кадетхэм пІэ цІыкІухэр тыгъэ хуащІащ. «Кавказыр - шынагъуэншэу» проектым зэрыщыуБзыхуам тету, программэ щхьэхуэхэмкІэ гъэпса, зэреджэну техникэр зыщІыгъу иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ зи гугъу тщІы классыр къызэрэпэщащ.

Апхуэдэу Пучков Владимир КЪБР-м и МЧС-м щытыкІэ гугъуэгъэ щыізэфІах и центрым и лэжьыгъэм кІэлъыплъащ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ Іуэхущапіэм и лэжьакІуэхэм ящыщу кІыхьэнакІаІэхэм дамыгъэхэр яритащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Абы дегъэпІейтей

Зэныбжьэгъухэр зы сыхьэтым бий зэхуэхъуркъым

Ди газетымкІэ щыгъуазэ фызэрытщІащи, илъэсыщІэ нэужьым хэкурысхэри хэхэс адыгэхэри зыгъэпІейтей зы Іуэху къыпТыыкъуэкІащ. Тыркум къикІыжауэ зи дэфтэр мытэмэму республикэм ис ди лъэпкъэгъуэхэм Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъущапіэу КЪБР-м щыІэм письмо яхуигъэхьащ къэрал хабзэм темытхэр хэгъуэгум игъэкІыжьын хуейуэ унафэ зэрыщыІэр, абы папщІэ зи тхылъхэм ныкъусаныгъэ иІэхэр къулыкъущапіэм екІуэлІэн хуейуэ. Абы игъэпІейтеяр ди хэкуэгъуэхэм я закъуэкъым, атІэ хамэ къэралхэми нэсащ, адыгэ нэхъыбэ дыдэ здэщыІэ Тыркум исхэр къигъэІэбжьащ. Зи гугъу тщІы Іуэхум теухуауэ Интернетым къыщрамыхьэкІа хъыбар щыІэжкъым. «Блэ зэуар аркъэным щощтэ» жьыхуаІэрати, хэкум къэкІуэжауэ щыпсэухэр аргуэрыжьу ирахужьэжмэ, «етІуанэ Истамбылакіуэм», «адыгэм зэ къращыІа лъэпкъэгъэкІуэдым» хуагъадэу пІейтейуэ куэд ирипсэлъащ.

АПХУЭДЭ хъыбархэм я лъабжьэмрэ къхъуэ Іуэхум и зэфІэхыкІэ хъунымрэ сэтей къищІыну, цІыхухэр щІэгугъавэ лъэпощхьэпор зэхигъэкІыну занщІэу ижь ихьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Псом япэу ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий зэІуцІэ къызэригъэпэщащ, ди къуэшхэм я Іэзху зыІутымрэ ахэр бэлыхь хэзыдза письмохэм къарыкІымрэ щызэхагъэкІыу. «Адыгэ псалъэ» газетым (№8) къытеддзэжащ къызэхуэсахэм я гуныкъуэгъуэхэмрэ властым къыбгъэдэкІыу зэІуцІэм крихьэлІахэу КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм ЩІынальэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ Къуэжей Артём, Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъущапіэу КЪБР-м щыІэм и къудамэм и унафэщІ Іэрэмысэ Анзор сымэ жаІахэмрэ.

Іэрэмысэм къызэрыхигъэщамкІэ, урысей-тырку зэхущытыкІэхэр зэрызэІыхьам къыхэкІыу унафэ къаІэрыхьащ Тыркум и цІыхуу республикэм, къэралым исхэм я дэфтэрхэр кьапщытэну, нэгъуэщІ къулыкъущапіэхэми абыхэм я Іуэху зыІутыр зрагъэщІну къаІэн щащІащ. Абы ипкъ иткІэ ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэм кьрикІуащ: ди республикэм Тыркум къикІауэ цІыху 200 ити, абыхэм ящыщу 26-м я дэфтэрхэр мытэмэму къыщІэкІащ, ахэращ Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ федеральнэ къулыкъущапіэу КЪБР-м щыІэм ираджакэзри. Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм яжриащ хабзэм къызэриІуэвым тету Іуэхур зэфІэзэкІыныжмкІэ сыт хуэдэ къулыкъущІэми къулыкъущапіэми зыхуаГъэзэну зэрыхьэзырыр, дэнэкІэ яГъэзэми зэрадэІэпыкъунур, ар ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

Абы иужькІэ Сэхъурокъуэм и жэрдэмкІэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм зыхуагъэзащ къекІуэкІ Іуэхур я зэІуцІэхэм ящыщ зым щызэпкърахыну, хуей хьумэ, къэрал къулыкъущапіэхэм чэнджэщкІэ зыхуагъэзэну. Ари кьыдалыгъри, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм Граждан жылагъуэм зегъэужьыныжмрэ лъэпкъ, дин зэхущытыкІэхэмкІэ и комиссэм и зэІуцІэ екІуэкІащ («АП», №9). Абы унафэ щащІащ мы Іуэхур КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и совету мазаем и 29-м екІуэкІынум къыщыхалъхьэну, абы папщІэ лэжьакІуэ гупи къызэрагъэпэщащ. КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и советым Іуэхур щызэпкърахынурэ къэрал къулыкъущапіэ псоми чэнджэщ хуагъэхьыныщ. Ауэ зи Іуэху зэхэзэрыхьахэр абы екьэу щысынукъым. Тыркум къикІыжауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу адыгэ зыбжанэщ мы къакІуэкІыр зыжьэхэуар. Абы теухуауэ ДАХ-м и деж къыщызэрагъэпэща комиссэм Сэхъурокъуэ Хьэутий я пашэу нобэкІэ иужь итщ, уэчыл кьыхуащІащ, кьалъыкъуэкІа лъэпощхьэпор суд Іуэхукіэ зэхагъэкІ.

Къулыкъущапіэхэм я лІыкІуэхэм жаІащ лъэпкъ зэхэгъэж зэрыщымыІэри, зи хэку къэкІуэжауэ лажьэ-шхэжу, еджэу ис адыгэхэм я Іуэху зэрызэрамыхуэри. Апхуэдэуи Сэхъурокъуэм къыхигъэщащ мамыру, и щхьэ Іуэху зэрихузэку, къэрал хабзэм тету республикэм ис зы адыгэ лажьэншэу и хэкужь ирахужу зыми зэрыхуамыдэнур.

Кьежьа зэрызехьэм игъэпІейтехэямрэ ДАХ-м зэфІигъэкІ Іуэхухэмрэ Интернетымкіэ кІэлъоплъ дэнэ къэрал щыпсэу адыгэхэри икІи зэрощІэ, зэхуотхэ. ДАХ-м и Іуэхущапіэм щекІуэкІа зэІущІэхэмрэ Хасэшхуэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий и псалъэхэмрэ я гуапэ хъуауэ щызэІэпах хъы зэхуэмыдэхэм. Иорданием, Тыркум, Израилым, Германием, Урысейм и хэгъэгу3гъэм ящыщ ди лъэпкъэгъуэхэр хуабжьу зыгъэпІейтея къэхъуГъэм лъабжьэшхуэ зэримыІэр, дахэу зэрызэфІэкІыр я гуапэ зэрыхъум Интернетым дыщохьэлІэ, Тыркумра Урысейм я зэхущытыкІэр зэрызэІыхьар адыгэхэм хьаззэрыжьэхэмыуэным теухуауэ яІэ гупсысэхэм дыкъыщоджэ. Апхуэдэу Тырку Республикэм къиІэпхъукІыжауэ Урысей Федерацэм щыпсэухэм абы теухуауэ яГъэхьэзыра тхыГъэм («АП», №11) къыхощ къэралитІым я иджырей щытыкІэм зэрелъпІыр, иужьрей илъэс 20-м къриубыдэу Путинымрэ Эрдогъанрэ я фІыгъэкІэ урыс-тырку зэхущытыкІэм зэрызиужьар, сату, энергетикэ, политикэ, щэнхабзэ, гуманитар зэпыщІэныгъэхэр зэрефІэкІуар, я цІыхуэхэр визэншэу зэкІэлъыкІуэф зэрыхьуар. «Тыркум захуагъэмрэ хабзэмрэ Іуэхур трищІыхьын, ешым и сэбэп зыхэлъхэр кьилъытэн икІи и Хьэуа Кьарухэр Урысей Федерацэм и къухьлъатэм еуэу апхуэдэ щІэщхьэщхьэ зэралажьар жИзн уейуэ къыдолъытэ. Тыркум ипшынывжыпхъэщ Урысейм кьрита хэщІыныгъэр.

Дэ къыдолъытэ ди къэралхэм я зэхущытыкІэхэр зэрыщытам хуэдэу зэтраГъэувэжьын хуейуэ. ЛъэныкъуитІми икІэщІыпІэкІэ щІадзэжьын хуейщ дунейпсо энергетикэм, атом промышленностым, сатум я лъэныкъуэкІэ нэхъ апэкІэ утыку кьрахьауэ щыта проектхэр гъэзэщІэныр, визэ хэмыту зэкІэлъыкІуэныр. КъэралитІми я унафэщІхэм псалъэ тКІыбжьхэр яГъэщэбэн икІи къэрал щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм ирагъэжьа информацэ зауэр щагъэтын хуейщ.

А къэдгъэлъэГъуэ Іуэхуэхрщ урысей-тырку зэгурымыІэныгъэхэр кьызэнэкІыныжмкІэ иджыпсту дэ хэкІыпІэу кьэтлъытэр. Ар захуагъэм тещІыхьащ икІи Урысеймрэ Тыркумрэ я сэбэп зыхэлъ Іуэху нэхъыщхьэхэм нэгъэсауэ йоззгъ. Мы ди Іуэху еплъыкІэр кьыддалыгъыну дэ къыхудоджэ фІым хущІэкъу цІыхуу Урысеймм Тыркуми исхэр».

Мыпхуэдэ гупсысэ къызэхущ джэ псалъэр Интернетым къыщрахьэ, урыс-тырку зэхущытыкІэхэр нэхъыфІ хъужьным щІэхъуэпсэ дэтхэнэ зыми Іэ щІидзу, сыту жьыпІэмэ, Путинымрэ Эрдогъанрэ зэрызэщІыеяр дунейм адыгэу тетым я жагъуэ хъуащ. Апхуэдиз лэжьыгъэ купщІафІэ здэдзыщІа, зэныбжьэгъуу къызэдекІуэкІ кьулыкъущІитІыр зы сыхьэтым бий зэхуэхъун хуейкъым. Зи гугъу тщІы тхыГъэр Урысей Федерацэмрэ Тырку Республикэмрэ я Президентхэм я деж нэгъэсын хуейуэ кьыдолъытэ.

ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт.

ПУТИН Владимир:

Къэбэрдей-Балъкъэрым щапхъэ тефх

Адэкіэ перинатальнэ центрхэм ятеухуауэ. Уэ апхуэдэу тху яухуэу зыпІащ. Пэж дыдэу, Урысей Ипщэм къыкІэрыхуныгъэ щыІэщ, ауэ ар мазэ 13 хъуркъым. Ику иту къызэрыкІэрыхур мазитху-мазибл хуэдизщ. КъыкІэрыхуныгъэ щымыІэу, графикым тету лэжьыгъэхэр щекІуэкІыр Урысей Ипщэм и щІынальэхэм ящыщу зырщ - ар Къэбэрдей-Балъкъэрырщ. Ауэ ялэжьын хуейуэ абы къыщынар псом нэхърэ нэхъыбэ мэхъу, зэкІэ графикым тету лажьэу аращ. Федерацэм Урысей Ипщэм хиубыдэ адрей и субъект псоми, ди жагъуэ зэрыхъущи, лэжьыгъэхэр зэрыщызэфІэкІынур къыкІэрыхуауэщ, ауэ зыгуэр намыгъэсу къэнэнкІэ щэч щІэпщІын щыІэкъым. А Іуэхур пэж дыдэу и кІэм нэдгъэсынущ.

Урысейпсо цІыхубэ фронтым и зэІущІэу Ставрополь къалэм щекІуэкІам УФ-м и Президент Путин В. В. къыщипсэльам щыщщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2016 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну газетхэм Іэ тедзэныр зэрнухар. Ауэ мазаем и 21 щІондэ Іэ щІэвдзамэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ. МазиплІым ди газетым и уасэр сом 559-рэ кІэпІейкІэ 92-рэщ.

Ди индексыр 51531



Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ Выкхъэ Жаннэ «Адыгэ псалъэ» газетыр Іэрохьэ. Абы и тхыгъэхэм и еджакІуэхэри дрегъэхьэх.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ПрезидентыщІэ яІэщ

Португалием президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІащ.

Республикэм щыпсэухэм я зэхуэдитІым нэхърэ нэхъыбэр и телъхьэу къыщІэкІри, а къулыкъум хахащ Правэмкіэ институтым и профессор Марсело Ребелу ди Созэ. ЩІэнагъэ Іэнатіэм зэрыпэрытым къыдэкІуэу, ар илъэсищкІэ и пашэу щытащ социал-демократие партым.

Президент къулыкъум цІыхупщІ щыщІэбэнащ мы хэхыныгъэхэм. Апхуэдэ зэпэщІэтыныгъэ иужьрей илъэс 40-м къэмыхъуауи жаІэ политологхэм.

Гейтс Билли и мылъку хелъхьэ

Техьэгъуэ узыфэ щынагъуэм ебэнхэм Инджылызым и правительствэри яхьихьэнущ.

Дызыхуэкіуэ илъэситхум а Іуэхум правительствэм псори зэхэту доллар меларди 4,5-рэ тригъэкІуэдэнущ. А узыфэр зэбгрызыхьыр арГуэйхэрауэ зэрыщытыр къзэхьута, Нобель и саугъэтым и лауреат Росс Рональд и цІэр зезыхьэ фондым абы папщІэ правительствэм илъэс къэс доллар мелуан 715-рэ хуиутІыпщынущ.

Дунейм щынэхъ къулей дыдэхэм хабжэ Гейтс Билли и мылъку хилъхьэну мурад ищІащ а Іуэху щхьэпэм. Илъэс къэс абы доллар мелуан 200 къариты нущ.

Нобэ

♦Нацизмэм ихьахэм я фэеплъым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэщ - Ленинград къалэр блокадэм кърагъэкІащ. Махуэ 900-кІэ нэмыцэ фашист зэрыпхъуэкІуэхэм я къэухъуреихьныгъэм ита къалэр 1944 гъэм советыдзэхэм хуит къащІыжащ.

♦1820 гъэм капитан Беллинсгаузен Фаддей зи унафэщІ къэхутакІуэ гупым Антарктидэр къызэІуахащ. Махуэ 750-кІэ тенджызым тета къхъухьэм материкыр ихъуреягъкІэ къызэпакІуэхьат, хьтІыгу 28-рэ къызэІуахат, ауэ мылыльэ Антарктидэм я лъэ теувэфакъым.

♦1904 гъэм Урыс-Япон зауэм щидзащ.

♦1924 гъэм Москва Лениным и Мавзолейр къыщызэІуахащ.

♦1941 гъэм «КЪР-м щІыхь зиІэ и дохутыр» цІэ лъапІэр яГъэуващ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм хуит къащІыжащ нэмыцэхэм Польшэм щащІа Освенцим гъэрэщым исахэр.

♦1967 гъэм Хъэршыр дуней псом къэралу тетхэм зэрейм теухуа дэфтэрым Іэ традзащ.

♦1968 гъэм Налшык Къэрал музыкэ театр къыщызэІуахащ.

♦Австриемрэ щІыщ композитор, музыкант щджащэ **Моцарт Вольфганг** къызэрыльэрэ илъэс 260-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ цІэрыІуэ **Салтыков-Щедрин Михаил** къызэрыльэрэ илъэси 190-рэ ирокъу.

♦Инджылыз математик, тхакІуэ, и таурыхъэмкІэ цІэрыІуэ хъуа **Кэрролл Льюис** къызэрыльэрэ илъэси 184-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ **Эренбург Илья** къызэрыльэрэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, уэрэд дахэ кУэдым я псалъэхэр зытха **Казаковэ Риммэ** къызэрыльэрэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхужь **Хьэгъэжей Джонсон** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Композитор, КЪР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жырыкъ Заур** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бэрэгъун Руслан** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Норвегием щІыщ биатлонист цІэрыІуэ, блэнейрэ олимп чемпион хъуа **Бьерндален Уле Эйнар** и ныбжьыр илъэс 42-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисист, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Сафин Марат** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыну щыщытынущ. ЩІыІэр махуэм градуси 7 - 5, жэщым градуси 10 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Бажэм и хьилагъэр япэ итщ.

Хэт нэхъ дахэр - Фаридэ, Зульфия, Юлие?

Студент пщащэ дахэкІейхэм яхэтщ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий.

ЩІышылэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекІуэкІащ Урысей студентхэм я махуэм теухуа гуфІэгъуэ Іуэхуэхр.

СЫХЬЭТ 11-м щІадзэри, университетым и факультет псоми щагуэшащ КъБКъУ-м щеджэ хъыджэбз пэрытхэр кьыхэхьным теухуауэ гъэ къэс къызэрагъэпэщ зэпеуэм хэтыну зэрырагъэблагъэ тхылъхэр. Адэкіэ университетым и пэш нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщащ езы студентхэм яГъэхьэзыра шхыныгъуэ нэхъыфІхэр къыхэхьным теухуа зэпеуэр. КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий, университетым и президент Къарэмырзэ Барэсбий, а махуэм кьехуеблэгъа хьащІэхэу КЪБР-м и Парламентым и депутатхэу Азычэ Светланэрэ Кьардэн Муратрэ Іэнэ къэс бгъэдыхьэурэ шхыныгъуэхэр зыІуагъэхуащ.

«ГъащІэм фыхэзэгъэну, фи Іуэху дэкІыну сынывохъуэхъу. Абы папщІэ дэри тхуэзфІэкІ псори длэжьынщ», - жиІащ олимп чемпион Кьардэн Курат.

Адэкіэ дауэдапщэхэм щыпащащ режиссёр цІэрыІуэ Сокуров Александр КъБКъУ-м къыщызэрригъэпэща творческэ мастерскойм. Абы щрагъэкІуэкІащ университетым и хъыджэбз нэхъ зэкІэлъыкІуэр кьыхэхьным теухуа зэпеуэр. Ар кьыщызэІуихым Альтуд Юрий жиІащ: «Нобэ студент псоми я махуэщхэущ, нэжэгужагъэ, гуфІэгъуэм я махуэщ. Псоми гукъыдэжьыщхэ яІэну, конкурсым щызэпеуэхэр текІуэну сохъуэхъу».

Зэпеуэм хэтыну зезыгъэтха хъыджэбз 15-м ящыщу кІэух Іыхьым нэсыфар 7-рщ. Абыхэм я щІэныгъэр, зэхэщІыкІыр щынэсыр, я творческэ зэфІэкІхэр къагъэлъэгъуэну къапэщытт. Апхуэдэу адэкІэ къагъэлъэгъуэн хуейт уэрэд зэрыжаІэфыр, къызэрыфэфыр, усэхэм къызэрелджэфыр. Конкурсыр щекІуэкІ зэманым апхуэдэу утыку кьихьащ КъБКъУ-м и «Амикс», «Каллисто», «Импульс» творческэ гупхэр. И зэфІэкІыр щІалэгъуалэм я пащхьэм щигъэлъэгъуащ Москва дэт «Кураж» театрым и актёр, уэрэджэІакІуэ щІалэ Теунэ Джэмал.

Конкурсым кьрикІуахэм япкъ иткІэ номинацэ щхьэхуэхэмкІэ текІуэну жюрим кьыпытащ биологие факультетым щеджэ Бирюковэ Юлие, педколледжым щыщ Ахматовэ Зульфия, филологиемкІэ институтым щыщ Нэзрэн Фаридэ сымэ.

ШАЛ ФатІимэ.
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущапіэ.

Зэпеуэм щытекІуа пщащэхэр.

Гу зылъытапхъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32.**

Лэжьыгъэшхуэ къезыхьэлІа Тхьэкъуахъуэ Музэбир

Нэхъыжьхэм зэращІэжщи, лІэщІыгъуэ блэкІам и 70 - 80 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху бэ къыщрахьэлІэу щытащ. Абы Бахъсэн районым и мэкъумэшыщІэхэм я гуащІэшхуэ хэлъ. Куейм и нартыхуГъэкІэхэм я зэфІэкІыр, республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щыпІэхэми хэІущІыу щыхъуат. ЕхъулІэныгъэхэм щытепсэлъыхьыкІэ, зи цІэр фІыкІэ къраІуэхэм ящыщт кыщпэкдэс механизатор Іэзэ Тхьэкъуахъуэ Музэбир.

● ГуащІэдэкІым и лІыхъужьхэр

ГъэМАХУЭ зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм, и классэгъуэхм щыщІыу, Музэбир къуажэ губгъэм щыпІащ. И псэм фІэфІу, ГъавэщІапІэхэр и закъуэу куэдрэ къызэхикІухьыр, я унагъуэ хадэми жьыджэру илэжьхьыр. Колхозым и агроном нэхъыщхьэ Ныбжьк Къасым ныбжьыщІэр мэкъумэш Іэхум зэрыдихьэхым гу лъитати, зы махуэ гуэрым абы зыхуеГаззэ:

- Школым укъыщІэкІмэ, механизатору уедГъэджэнщ. Уэ хуэдэу щІыр фІыуэ зылъагъуэкм гъавэгъэкІ бэлыхь къахокІ.

Нэхъыжьым и псалъэр Музэбир и гуапэ мыхъуу къэнакъым. КъыдэкІуэтеиху а Іэщ1агъэм нэхъри дихьэхырт, ар зригъэГъэтыну щІэхъуэпсырти, республикэм и механизатор, и гъавэгъэкІ ІэрыІуэхэм я Іуэхущ1афэм кІэлъыплъырт, я ехъулІэныгъэхэм зыхигъэГъуаззэрт, я Іэжьыгъэ къызэгъэпэщІкІам теухуауэ газетхэм къытехуэ тхыгъэхэр щІиджыкІырт.

И мурадыр и адэ-анэм къыщыдаІыгъым, мэкъумэш Іэнатіэм и Іэщ1агъэлІхэр щагъэхьэзыру Бахъсэн къалэм дэт училищэм щІотІысхьэ икІи хъарзынэу къеух. Тхылъыр къызэрыІэрыхьэжу, щІыщІэр къэзыІэтыну гупым ящыГкъуэ Къэзахъстаным макІэ, «кудукса» совхозым щолажьэ. Тракторми комбайнми хуэлэкІуэлъакІуэти, нэхъ лэжьыгъэ гугъуехэр, жэуаплинныгъэ зыпылъхэр дзыхь къыхуащІырт, езыми аэрэ дагъуэншэу зэфІиГэкІырт. Я гупыр лъэпкъыбэт - украини, белоруси, тыркумэни, куржьи, балъкъэри зэщІыгъути, адыгэ щІалэм жьантІэр лъагъэсырт, абы и жьІэр я унафэт, и лэжьэкІэр я щапхъэт.

Къэзахъстаным зэрыщыІэну пІалъэр иухыу къиГъэзэжа ныжь, я къуажэм щызэхэт колхозым хохьэ, илъэс зыгІу нэхъ дэмыкІыуи и цІэфІ жрегъэІэ. Тхьэкъуахъуэр щІалэ жант, жыджэрт, и гур Іуэхум етати, сытми хунэсырт.

Бригадэм и унафэщІ Сабаншы Къэралбий щытхъу лей «зыгуэшхэм» ящыщтэкъым, ипэжыпІэкІэ ар къэблэжьын хуеЙт. Районым и мэкъумэшыщІэхэм я илъэс зэІущІэм къыщыпсалъэу абы жиІэрт: «Мы гъэм хьэцэпэцэ хъарзынэ къыдэхъуІлащ, ауэ, дыщымыгугъуаэу, нартыхур зэрытхуэбзгъуам тІуащІэу дыщогуфІыкІ. Ар я фІыщІэщ жэщ-махуэ ямыІэу хьэсэхэр зезыхьа ди щІалэхэм. Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейт Тхьэкъуахъуэ Музэбир и лэжьэкІэр. «Гъавэ щІэным къыхуальхуащ, нартыхуГъэкІ нэсщ», - зыхужаІэм хуэдэщ. Абы зэрихьа хьэсэм гектарым хуэзэу ику иту центнер 65-рэ къытекІащ. Фыкъаплъи фыкъэдаІуэ, куэд дэмыкІыу а щІалэм и цІэр нэгъэщІ щІыпІэхэми хэІущІыну щыхъункІэ!»

- Бригадирыр щыуатэкъым - илъэс къэс абы и зэфІэкІми, и Іэзагъми, бэвагъыу къригъэтми хэхъуэрт. Апхуэдэуэрэ гектарым нарт гъавэу къытрихыр центнер 90-м негъэсри, республикэм и гъавэгъэкІ пашэхэм ящыщ мэхъу, щІалэгъуалэ звеном и унафэщІу хах.

1974 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и нартыхугъэкІ цІэрыІуэхэр Налшык щызэхуашэат. Муэзбири и ныбжьэгъу Къардэн Аслъэнбии абы ирагъэблагъат. Зэхьихьэм щыкІахэмрэ къыщащта унафэмрэ трагъэгушхуауэ, гектарым нартыхуу къытрахыр центнери 100-м нагъэсыну псалъэ ят икІи, Аталыкъ СулътІанрэ КІэрэш Хьэсэнбийрэ ящыкІыгъуу, ар игъэпэж.

Къуажэр къэушырт. Губгъуэм хуэпІащІэхэм я техникэ макъыр жыжьэу къыщызэпхыкІыкІырт. Союзэпсо радиоми псэлъэн щІидзауэ, лэжьэгъуэ махуэр къызэпэщылъхэм зригъэужьырт. Хъыбарыфікіэ япежьат а пщэдджыжьым радиор кыщпэкдэсхэм. Дикторыр гъэхуауэ къеджэрт СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ «Трудовой горец» колхозым и нартыхугъэкІ цІэрыІуэхэу Тхьэкъуахъуэ Музэбирэ Къардэн Аслъэнбийрэ Ленин орденыр къызэрыхуагъэфэщам теухуа хъэзэхъуэхм. Жылэм абы щымыгуфІыкІа дэстэкъым.

ГъавэгъэкІ цІэрыІуэм плакІуэ и куэдт. И лэжьэкІэм, и щы зехьэкІэм зыхагъэзгъуэззэну, и зэфІэкІыр яджыну къыхуэкІуэхэм я жриІэнрэ яригъэльагъунрэ езыми и мащІэтэкъым. А щыкІэм тету и Іэнатіэ мытыншыр ирехьэкІ, и ехъулІэныгъэхэм хегъахьуэ. И къэмыІэнджэж лэжьыгъэм къыпэкІуэу СССР-м и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфащэ, 1982 гъэм ВДНХ-м къыбгъэдэкІыу «Москвич» автомашинэ тыгъэ къыхуащІ.

Гъавэ бэв къехьэлІэным зи гуащІэ куэд езыта, къэралпсо утыкум зифІ щыжьезыгъэІа, республикэм и зыужьныгъэм хэпхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, «КъБАССР-м щІыкъ зиІэ и нартыхугъэкІ» щІэ ІэпІэр хуэфащэу зезыхьэ Тхьэкъуахъуэ Музэбир кърихьэлІа лэжьыгъэр нэхъыщІэхэм ящыгъупщэркъым. Мы махуэхэм илъэс 77-рэ ирикъуа нэхъыжьыфІым и щапхъэр и щІэблэм я гъуазэу къогъуэгурыкІуэри, иджыри куэдрэ мы гъащІэм гу щихуэну ди гуапэщ.

БЖЭНЫКІЭ Регинэ.
Кыщпэк къуажэ

Сыту псынщІащэу ежжкІрэ илъэсхэр. Дыгъуасэ хуэдэти я къуажэм дзэ щІалэгъуалэм я пашэу, я уэзщІакІуэу Лэдин щыщытар, дыгъуасэ хуэдэти щалъхуа жылэжьыр къиГэнэу Налшык къыщыкІуар, дыгъуасэ хуэдэти рабочэу лэжьэн щригъэжьар. ЗэплъэкІыжу къикІуа гъуэгуанэм щриплъэжкІэ, Лэдин къыфІощІ а псор зы меданым блэлъэтауэ. КъыфІощІ, и гъащІэм и дэтхэнэ Іыхьэри Іуэхукіэ гъэнщІауэ щытащи.

ЩАЛЪХУА и щыналъэм, и жылэжьым пащІ щыІэкъым адыгэм я нэхъыбэм. Апхуэдэщ мы тхыгъэр зытеухуа ІыпІи - ар Сльонхэ Лэдинщ. ГуфІэгъуэ Іуэху хэтыну е и шынэхъыщІэмрэ и шыпхъумрэ я деж лъагъунлъагъу и къуажэм - Аушыджэр - щыкІуэжкІэ абы и гур, и псэр дэрэжэгъуэм зэщІащтэ, и сабиигъуэр, Шэрэдж Іуфэ щигъэкІуа зэман Іэфыр, и ныбжьэгъу цыкІуэр, адэ-анэм я псалъэр тІэужьыІэ яримыгъэщІу къызэрыГъуэгурыкІуар и нэгу къыщІоувэж.

Лэдин школым щыщІэса лъэхъэнэм, 60 гъэхэм, зи жьауэ щІэтыр, зи чэнджэщ емыбакъуэр адэ-анэм, хьэблэдэс, къуажэдэс нэхъыжьхэм я закъуэтэкъым. Псом хуэмыдэу яфІэлыкІырт егъэджакІуэхэм.

Курыт школыр кІыуха нэужь, Сльонымк и тхылъхэр университетым ехъ Іэщ дохутыр Іэщ1агъэм хуеджэну. Экзаменхэри мыЕйуэ ет, аращхьэкІэ, балл бжьыгэр хурикъуакъым. Куэд дэмыкІыу дзэ къуалкъым даш щІалэщІэр. ЛІы хуэдэлІу, зыщыщ лъэпкъым и пщІэр иІэту ар къэрехьэлІэри къеГъэзэж, и тхылъхэр аргуэру КъБКъУ-м ирет мэкъумэш Іэнатіэм пыщІа механизацІэ Іуэхум заочнэу хуеджэн хьисэпкІэ. Хэт ищІэн, и псэм къимыщтауэ аргъэнщ, ещанэ курсым щІэсу еджапІэр къегъанэ. Ауэ къуажэм фІыуэ къыщацІыхурти, лэжьыгъэ къыхуагъэфащэ - клубым и унафэщІу яГэув.

Зыпэрыхьа Іэнатіэм къыззгъэпэщыныгъэ Іуэху зыбжанэ щІызэхеублэ щІалэщІэм. А псор зыхуэунэтІар жылэм дэс ныбжьыщІэхэр я ІуэхущІафэкІи, я зыгъэпсэхугъуэ зэманкІи гъэнщІауэ щытыныр. Лэдин щІэгъэкъуэн къыхуохъу комсомолым и райкомым. Абы и Іэтащьхэм къыжреІэ совхозым и комсомол организацІэм и секретару игъэлъэгъуэну зэримурадыр. Сыт и лъэныкъуэкІи къыдэІэпыкъуну псалъэ къыщиритым, Сльонымр арэзы мэхъу иКІи хозяйствэм и щІалэгъуалэм я пашэу хаха нэужь, клуб лэжьыгъэри ари зэдихьу ирегъажьэ. Комсомолым и райкомым и чэнджэщкІи щІалэгъуалэ гуп зыбжанэ къуажэм къыщызэрагъэпэщ - мэкъуауэ, шофёр, механизатор бригадэхэр, хадэхэкІ Іэнатіэм - щІалэгъуалэ зевенохэр. Ахэр зэпригъаеуэ, текІуэхэр игъэпажэу и къалэныр ирехьэкІ.

Илъэс зыбжанэкІэ Сльоным зэрихьащ а Іэнатіэр. Ауэрэ здекІуэкІым, и Іыхьлі гъунэгъум Лэдин къыжреІэ: «Уэ унагъуэ ухъуащ, уи улаугъэкІи, унэ Іуэхукіи узыуэй нэхъ ущыхуэзэнущ сызДэщыІэм, «Искож» комбинатым, накІуэ, ущІегъуэжьнкъым». Сльонйр абы акъыІэгъу дохъури, Налшык къэкІуэ икІи предприятэм мэуВ. Ялэщыкіэ рабочэм и дэІэпыкъуэгъуу. Тынштэкъым Лэдин зыпэрыува Іэнатіэр. Ауэ къуажэ лэжьыгъэм къыхэхъуКІа, дзэр къыззэзыпэкІа щІалэм ар къытехьэлъэртэкъым. Куэд дэмыкІыуи зыпэрыт Іуэхум йосэ. Есэ къудейм къыщыІмыну, комбинатым и рабочэ пашэхэм зезыхьэ Тхьэкъуахъуэ Музэбир щы мэхъу. Зи Іэнатіэр гугъэзагъэу езыхьэкІ Сльон Лэдин гугъу зэрызригъэхьым, и Іэщ1агъэм ижь зэрыхуэхъуам, и гъусэхэм зэрефІэкІым гу лъамытэу къэнакъым. Хуэфащэ пщІэи къыхуащІ - «Къэбэрдей-Балъкъэрым промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и щІыкІу къыхуэзрагъэпэщауэ ар. Шампанскэ къраГъэхъуати, стэканхэр зэдгъэунтІэІуащ, сэри тІэкІу сыхэІубащ. Космонавтыр къыщІэкІуа Іуэхури дгъэгувакъым - кІэщІу хуэзфІэдгъэкІащ. ИужькІэ, зэрызэхэсхьжамкІэ, яхуэдгъэхьэзыра фэ Іэрыщ1хэм арэзы техъуауэ щытащ Леоновыр...

Илъэс 20-м щІигъэкІа Слъоным и гущІэ хилъхьащ «Искож» комбинатым щагъахъэу щыта лэжьыгъэшхуэм. Пщ1эрэ щхьэрэ иІэу, цехым щыщІэтхэри унафэщІхэри къыхуэарэзыуэ, и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр хьэлэлу игъэззщІащ. Пенсэм кІуа нэужь «куэдщ сщІар» жиІэу Тысыжакъым. Ар ноби Іэнатіэ Іутщ - Налшык дэт типографием щолажьэ.

Лэдин ящыщкъым республикэм, къэралым, дунейм щкІуэкІ Іуэхуэхэр къизымыдзэхэм. Псом хуэмыдэу ар егъэпІейтей ди лъэпкъым и къэкІуэнум, ди щІалэгъуалэм я пщэдейм: щІэблэм я гъэсэныгъэр ІэпэдзгъэлІ зэрыхъуам, адыгэбзэр куэдым Іэщ1ыб зэращІыкІ. ИКІи, къызэрилъытэмкІэ, лъэпкъыбзэр къаруншэ зэрыхъумкІэ къуаншагъэр унагъэмрэ школхэмрэ я закъуэ щІэхуэпхьын щІыкъым, абы теухуауэ къэралми къалэн пыухыкІа и пщэ дилъхьэжьпхъэу ебж.

Лъэпкъ литературэмрэ гъуэзджэмрэ и щІасэщ. Адыгэхэм я Іэдакъэм къыщІэкІа тхылъыфІхэм, макъамэхэм, уэрэд дахэхэм абы гукъыдэжьыщхъэ кърат.

- Тхылъ тэмэмыр сфІэфІщ - ирероман, ирерассказ, сыдихьхьу соджэ. Псом хуэмыдэу сигу къинащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхылъхэр. ИтІанэ си къуажэгъу Жуут Биберд и тхыгъэхэри гъащІэгъэнщ. КъимыдэкІэ, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ сымэ ятхэхми соджэ - ахэр си жылэм къызэрыдэкІам срогушхуэ. Музыкэр сфІэфІщ - ди композиторхэм я симфониехэм сыт щыгъуи седэІуэфрынущ. Абыхэм сахэдэжьмэ, Молэ Владимир ейхэм япэсщІ щыІэкъым.

И ныбжькІэ здынэсаишхуэ щымыІэми, зылІ иІэщІ лэжьыгъэ хуэзфІэкІащ Слъонхэ Лэдин. Унэ ищІащ, и щхьэгъусэ Светэрэ абыр бынищ зэдаПащ: Іэулэдини, Мадини, Азэмэти щІэныгъэ ищхъэ яІэщ, Іэнатіэ Іутхэщ. Азэмэт химие щІэныгъэхэм я кандидатщ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щрегъаджэ. Псом хуэмыдэу Лэдин и лъэр щІэзыгъэкІыр, и гурыфІыгъуэр, и гъащІэм къыпыщІэр и бынхэм къащІэхуэжьа щыкІуэрщ. Дауи, абы и щІэблэм яІащ лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІи, адыгагъэ, щІыхьгъэ и Іуэхукіи щапхъэ зыстрахьи, Гъуазэ яхуэхъун адэ, адэшхуэ.

МЫЗ Ахьмэд.

● Дин

Жылэр зыгъэпІейтейхэм топсэлъыхь

Бахъсэн районым и унафэщІхэмрэ къуажэ Іиммамхэмрэ иджыблагъэ щызэІущІащ щыпІэ администрацэм. Районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ Іэхъуэбэч Анзор, щыпІэ администрацэм хабзэхьумэ Іэнатіэхэм ядэлжьэныкІэ и управленэм и нэхъыщхьэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, Бахъсэн щІыналъэм и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу Мырзэ Алим, Іиммам Къуэдз Мухъсин сымэ тепсэлъыхьащ къуажэхэм дэт мэжджытхэр зейр зыгъэбелджылы дэфтэрхэр гъэхьэзырын зэрыхуейм, щІалэгъуалэр диным къемыязгъ гупсысэхэм демыгъэхьэхыным теухуауэ екІуэкІ лэжьыгъэм, нэгъуэщІхэми.

МЫ ГЪЭМ и мэлыжьыхь пщІондэ ягъэхьэзырыну къапэщылъщ дин Іуэхущ1апІэхэм я дэфтэрхэр. «Ахэр зэрызэрэпэщыным теухуауэ сыт и лъэныкъуэкІи дэ зыфщІэдгъэкъуэнущ», - яжриІащ дин лэжьакІуэхэм Іэхъуэбэч Анзор. Апхуэдэуи абы и псалъэм къыхигъэщащ Іиммамхэм щІалэгъуалэм я гъэсэныгъэм гулъытэшхуэ зэрыхуащІым мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

«Дин лэжьакІуэхэр ельэхэр щапхъэу щытын хуейщ, ныбжьыщІэхэм абыхэм я деж чэнджэщ щагъуэтын хуэдэу, - жиІащ Мырзэ Алим. - Ди гъащІэм къыхихьа Іуэху, гупсысэ мыхъумыщІэхэм щІэблэр щыхъуэмэныщ Іэнатіэ щІыхьэ зыхуэныкъуэ щІэблэм я щапхъэ щыхъункІэ!»

- Бригадирыр щыуатэкъым - илъэс къэс абы и зэфІэкІми, и Іэзагъми, бэвагъыу къригъэтми хэхъуэрт. Апхуэдэуэрэ гектарым нарт гъавэу ящыщ мэхъу, щІалэгъуалэ звеном и унафэщІу хах.

1974 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и нартыхугъэкІ цІэрыІуэхэр Налшык щызэхуашэат. Муэзбири и ныбжьэгъу Къардэн Аслъэнбии абы ирагъэблагъат. Зэхьихьэм щыкІахэмрэ къыщащта унафэмрэ трагъэгушхуауэ, гектарым нартыхуу къытрахыр центнери 100-м нагъэсыну псалъэ ят икІи, Аталыкъ СулътІанрэ КІэрэш Хьэсэнбийрэ ящыкІыгъуу, ар игъэпэж.

Къуажэр къэушырт. Губгъуэм хуэпІащІэхэм я техникэ макъыр жыжьэу къыщызэпхыкІыкІырт. Союзэпсо радиоми псэлъэн щІидзауэ, лэжьэгъуэ махуэр къызэпэщылъхэм зригъэужьырт. Хъыбарыфікіэ япежьат а пщэдджыжьым радиор кыщпэкдэсхэм. Дикторыр гъэхуауэ къеджэрт СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и Указкіэ «Трудовой горец» колхозым и нартыхугъэкІ цІэрыІуэхэу Тхьэкъуахъуэ Музэбирэ Къардэн Аслъэнбийрэ Ленин орденыр къызэрыхуагъэфэщам теухуа хъэзэхъуэхм. Жылэм абы щымыгуфІыкІа дэстэкъым.

ГъавэгъэкІ цІэрыІуэм плакІуэ и куэдт. И лэжьэкІэм, и щы зехьэкІэм зыхагъэзгъуэззэну, и зэфІэкІыр яджыну къыхуэкІуэхэм я жриІэнрэ яригъэльагъунрэ езыми и мащІэтэкъым. А щыкІэм тету и Іэнатіэ мытыншыр ирехьэкІ, и ехъулІэныгъэхэм хегъахьуэ. И къэмыІэнджэж лэжьыгъэм къыпэкІуэу СССР-м и Къэрал саугъэтыр къыхуагъэфащэ, 1982 гъэм ВДНХ-м къыбгъэдэкІыу «Москвич» автомашинэ тыгъэ къыхуащІ.

Гъавэ бэв къехьэлІэным зи гуащІэ куэд езыта, къэралпсо утыкум зифІ щыжьезыгъэІа, республикэм и зыужьныгъэм хэпхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, «КъБАССР-м щІыкъ зиІэ и нартыхугъэкІ» щІэ ІэпІэр хуэфащэу зезыхьэ Тхьэкъуахъуэ Музэбир кърихьэлІа лэжьыгъэр нэхъыщІэхэм ящыгъупщэркъым. Мы махуэхэм илъэс 77-рэ ирикъуа нэхъыжьыфІым и щапхъэр и щІэблэм я гъуазэу къогъуэгурыкІуэри, иджыри куэдрэ мы гъащІэм гу щихуэну ди гуапэщ.

БЖЭНЫКІЭ Регинэ.
Кыщпэк къуажэ

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Дыгъуэр.
Сурэтыр мэжэр художник **Зичи Михай** *ищІащ. Шэрджес лъахэ, 1853 гъэ*

Фіагъ ин бгъэдэлъщ

● Прохладнэ щІыналъэ

«Кавказкабель» заводым и мурадщ иІэ зэфІэкІхэм дызытехьа 2016 гъэм хигъэхъуэну.

ДЭТХЭНЭ зы предприятэри хущІокъу дунейпсо утыку ихьэу абы увыпІэ щхьэхуэ щиубыдыным. Ар хуэдэкІэ ельытащ иджырей техникэу яІэм, Іэщ1агъэлІхэм я зэфІэкІымрэ щІэныгъэмрэ.

Іэмэпсымэ нэхъыфІхэмкІэ къызэгъэпэща хъуа заводым и къалэн нэхъыщхьэр Кавказ Ищхъэрэм и энергетикэ, ухуэныгъэ, промышленнэ, мэкъумэш Іэнатіэхэр зыхуеину кабельнэ продукцэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къызэгъэпэщынраци, абы хъарзынэу полъэщ. Ар ядолажьэ Урысейм и предприятэ нэхъ инхэми: «РЖД»-м, «Лукойл» ОАО-м, «НК Роснефть» ОАО-м, нэгъуэщІхэми. Псом хуэмыдэу щІэупщІэ яІэщ пластмасс, полиэтилен пкъыгъуэхэр тельу яІэщ ток, телефон кІапсэхэм, электронососкэр зэрылажьэ кабелхэм. Мыбыхэм псоми фІагъ ин зэрабгъэдэлъыр ьэралым и сертификатхэмкІэ гъэнэІуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Зэманым добакъуэ

Слъон Лэдин

щыІа илъэсхэм и гугъу щищІыжжІэ, Лэдин щІэмычэу игу кьегъэкІыж Мэзкуу и къэрал телевиденэмкІэ къызэрагъэпсэлъар. Апхуэдэу Совет Союзым къыщымынэу, хамэ къэрал Іэджэм фІэлІыкІ щызыІэ щІыхуэшхуэм сэбэп хуэхъуауэ зэрыщытар щыгъупщэкъым.

- Ди унафэщІ Пытов Георгий зы махуэ гуэрым сызыщІэт цехым нешэ кос-монавт щІэрыІуэ Леонов Алексей. Къызбгъэдэшэ, сэлам здэохри, «мис мы щІалэм псори пхуэзфІыгъэкІнуц», жеІэ. Космонавтхэм я къалэ щІыкІум щхьэкІэ фэ гуэрхэр зэхьэзырауэ етын хуейуэ арат. «Сыт щыгъуэ пхуэзфІэкІын?» - къызоупщІ Леоновыр. «Си деж зыри кыщынэкъым, - изотыкъ жэуап, - фэр кьызэрысІэрыхьэу, занщІэу иужь сихьэнщ». ХьэщІэр щІашьжа нэужь, куэд дэмыкІыу къыскхуаІуэху директорыр къоджэ, жаІэри. Абы и пэшым щІэст «Искож» комбинатым и къулыкъущІэ гупыр, парт, профсоюз комитетхэм я Іэтащьхэхэри яхэту. ХьэщІэшхуэм Іэнэ щыкІу къыхуэзрагъэпэщауэ ар арат. Шампанскэ къраГъэхуати, стэканхэр зэдгъэунтІэІуащ, сэри тІэкІу сыхэІубащ. Космонавтыр къыщІэкІуа Іуэхури дгъэгувакъым - кІэщІу хуэзфІэдгъэкІащ. ИужькІэ, зэрызэхэсхьжамкІэ, яхуэдгъэхьэзыра фэ Іэрыщ1хэм арэзы техъуауэ щытащ Леоновыр...

Илъэс 20-м щІигъэкІа Слъоным и гущІэ хилъхьащ «Искож» комбинатым щагъахъэу щыта лэжьыгъэшхуэм. Пщ1эрэ щхьэрэ иІэу, цехым щыщІэтхэри унафэщІхэри къыхуэарэзыуэ, и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр хьэлэлу игъэззщІащ. Пенсэм кІуа нэужь «куэдщ сщІар» жиІэу Тысыжакъым. Ар ноби Іэнатіэ Іутщ - Налшык дэт типографием щолажьэ.

Лэдин ящыщкъым республикэм, къэралым, дунейм щкІуэкІ Іуэхуэхэр къизымыдзэхэм. Псом хуэмыдэу ар егъэпІейтей ди лъэпкъым и къэкІуэнум, ди щІалэгъуалэм я пщэдейм: щІэблэм я гъэсэныгъэр ІэпэдзгъэлІ зэрыхъуам, адыгэбзэр куэдым Іэщ1ыб зэращІыкІ. ИКІи, къызэрилъытэмкІэ, лъэпкъыбзэр къаруншэ зэрыхъумкІэ къуаншагъэр унагъэмрэ школхэмрэ я закъуэ щІэхуэпхьын щІыкъым, абы теухуауэ къэралми къалэн пыухыкІа и пщэ дилъхьэжьпхъэу ебж.

Лъэпкъ литературэмрэ гъуэзджэмрэ и щІасэщ. Адыгэхэм я Іэдакъэм къыщІэкІа тхылъыфІхэм, макъамэхэм, уэрэд дахэхэм абы гукъыдэжьыщхъэ кърат.

- Тхылъ тэмэмыр сфІэфІщ - ирероман, ирерассказ, сыдихьхьу соджэ. Псом хуэмыдэу сигу кьинащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхылъхэр. ИтІанэ си къуажэгъу Жуут Биберд и тхыгъэхэри гъащІэгъэнщ. КъимыдэкІэ, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ сымэ ятхэхми соджэ - ахэр си жылэм къызэрыдэкІам срогушхуэ. Музыкэр сфІэфІщ - ди композиторхэм я симфониехэм сыт щыгъуи седэІуэфрынущ. Абыхэм сахэдэжьмэ, Молэ Владимир ейхэм япэсщІ щыІэкъым.

И ныбжькІэ здынэсаишхуэ щымыІэми, зылІ иІэщІ лэжьыгъэ хуэзфІэкІащ Слъонхэ Лэдин. Унэ ищІащ, и щхьэгъусэ Светэрэ абыр бынищ зэдаПащ: Іэулэдини, Мадини, Азэмэти щІэныгъэ ищхъэ яІэщ, Іэнатіэ Іутхэщ. Азэмэт химие щІэныгъэхэм я кандидатщ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щрегъаджэ. Псом хуэмыдэу Лэдин и лъэр щІэзыгъэкІыр, и гурыфІыгъуэр, и гъащІэм къыпыщІэр и бынхэм къащІэхуэжьа щыкІуэрщ. Дауи, абы и щІэблэм яІащ лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІи, адыгагъэ, щІыхьгъэ и Іуэхукіи щапхъэ зыстрахьи, Гъуазэ яхуэхъун адэ, адэшхуэ.

МЫЗ Ахьмэд.

● Дэ къытхуатх

Зэш псори зы анэ къилъхуркъым

Дэтхэнэ щІыхуми иІэщ и гъащІэр щыз, къызыхуэтыншэ зыщІ лъапІэныгъэ куэд. Абыхэм ящыщщ укъызыхэкІа лъэпкъым удэгушхуэныр, унагъуэ дахэ уиІэныр, щІэблэ уэзыншэ къыпщІэхуэныр, нэгъуэщІхэри. Апхуэдэхэм яхызолъытэ ныбжьэгъу пэж уиІэу укъэгъуэгурыкІуэнри. КъызэрысщыхъумкІэ, ныбжьэгъугъэм и уасэр щІыхуэхъэм нэхъ зыхащІэ. Уэрэдым зэрыжиІэщи, «щІыхуэхъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр къурышы хуэдэу лъагэщ, жырым хуэдэу быдэщ». Ар гъащІэр къызэрыпхуэупсэ фІыгъуэхэм ящыщщ.

СЭ АРУАН районым хьихьэ Къэхъун къуажэм сыщопсэу. Си ныбжькІэ илъэс 80-м сыщІигъуащ, си гъащІэри есхьэкІащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ, къэхъуакъщІэ хьэлэмэтэхэмкІэ гъэнщІауэ. Хэтащ абы гугъуехи тыншыгъуи, гуауи гуфІэгъуи. Абыхэм ящыщ куэд къыздигэшу, къыздиГыгъу илъэс 65-м нэсауэ си ныбжьэгъуфІщ Тэрч районым хьихьэ Болэтэй (Терекскэ) къуажэм щыпсэу Наурыз Хьэтызэ. ЦІыхьу гъащІэ хуэдиз хьу а лъэхъэнэм къриубыдэу къэхъуакъым Хьэтызэрэ сэрэ ди хьыбар зэрымыщІэу куэд щыдэтха.

ЗэманыфІдэкІащ дэтІурэпэудызэрызэрихьэлІэрэ. 1952 гъэм сэ дзэм сраджащ къулыкъу щысщІэну. Карантинымрэ ди еджэн тІэкІумрэ зэфІэкІа нэужь, селэтхэр щыпІэдзпІэкІэ дызэебграшащ. Си лъахэгъу щІалэ Наурызымрэ сэрэ Закарпатьем (Украинэ) дыкъыщыхутащ. Адыгэ щІалитІыр абдеж псэкІэ нэхъ зэпэгъунэгъу дыхъуащ, иужькІэ ныбжьэгъу пэжагъри дяку къыдэхъащ.

Дзэ къулыкъур абы щыгъуэ илъэсищрэ ныкъуэкІэ ирахьэкІырт. Щыхь зыпылъ а къалэныр ныкъусаныгъэншэу, дагъуэ къытхуамыщІу къетхьэлІащ бгырыс щІалэхэм. Уеблэмэ куэдрэ къэхъурт ди командирхэм адрейхэм ятІэ дыщрагъащ, кулъыкъур къызыхуэтынщэу зэретхьэкІым папщІэ фІыщІи къыщытхащІ. Абы теухуа щытхъу тхылъхэри къытхуагъэфэщауэ щытащ Хьэтызэ сэри. Ар псори фІы дыдэщ, арцхьэкІэ а зэманым Тхьэшхуэр къызэрысхуэупса фІыгъуэхэм ящыщт гъащІэм къыщыздеклуэжьм, цехым щыщІэтхэри унафэщІхэри къыхуэарэзыуэ, и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр хьэлэлу игъэззщІащ. Пенсэм кІуа нэужь «куэдщ сщІар» жиІэу Тысыжакъым. Ар ноби Іэнатіэ Іутщ - Налшык дэт типографием щолажьэ.

Лэдин ящыщкъым республикэм, къэралым, дунейм щкІуэкІ Іуэхуэхэр къизымыдзэхэм. Псом хуэмыдэу ар егъэпІейтей ди лъэпкъым и къэкІуэнум, ди щІалэгъуалэм я пщэдейм: щІэблэм я гъэсэныгъэр ІэпэдзгъэлІ зэрыхъуам, адыгэбзэр куэдым Іэщ1ыб зэращІыкІ. ИКІи, къызэрилъытэмкІэ, лъэпкъыбзэр къаруншэ зэрыхъумкІэ къуаншагъэр унагъэмрэ школхэмрэ я закъуэ щІэхуэпхьын щІыкъым, абы теухуауэ къэралми къалэн пыухыкІа и пщэ дилъхьэжьпхъэу ебж.

Лъэпкъ литературэмрэ гъуэзджэмрэ и щІасэщ. Адыгэхэм я Іэдакъэм къыщІэкІа тхылъыфІхэм, макъамэхэм, уэрэд дахэхэм абы гукъыдэжьыщхъэ кърат.

- Тхылъ тэмэмыр сфІэфІщ - ирероман, ирерассказ, сыдихьхьу соджэ. Псом хуэмыдэу сигу кьинащ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхылъхэр. ИтІанэ си къуажэгъу Жуут Биберд и тхыгъэхэри гъащІэгъэнщ. КъимыдэкІэ, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ сымэ ятхэхми соджэ - ахэр си жылэм къызэрыдэкІам срогушхуэ. Музыкэр сфІэфІщ - ди композиторхэм я симфониехэм сыт щыгъуи седэІуэфрынущ. Абыхэм сахэдэжьмэ, Молэ Владимир ейхэм япэсщІ щыІэкъым.

И ныбжькІэ здынэсаишхуэ щымыІэми, зылІ иІэщІ лэжьыгъэ хуэзфІэкІащ Слъонхэ Лэдин. Унэ ищІащ, и щхьэгъусэ Светэрэ абыр бынищ зэдаПащ: Іэулэдини, Мадини, Азэмэти щІэныгъэ ищхъэ яІэщ, Іэнатіэ Іутхэщ. Азэмэт химие щІэныгъэхэм я кандидатщ, Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щрегъаджэ. Псом хуэмыдэу Лэдин и лъэр щІэзыгъэкІыр, и гурыфІыгъуэр, и гъащІэм къыпыщІэр и бынхэм къащІэхуэжьа щыкІуэрщ. Дауи, абы и щІэблэм яІащ лэжьыгъэ и лъэныкъуэкІи, адыгагъэ, щІыхьгъэ и Іуэхукіи щапхъэ зыстрахьи, Гъуазэ яхуэхъун адэ, адэшхуэ.

ТХЪУЭСТ Сэлэдин,
пенсионер, лэжьыгъэм и ветеран, Къэхъун къуажэ

Сурэтым (сэмэгумкІэ къыщыщІэдзауэ): **Тхъуэст Сэлэдинрэ Наурыз Хьэтызэрэ**.
Мукачевэ къалэ (Украинэ). 1954 гъэ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

Зи Іэщlагъэм хуэпэж

● Щапхъэ

Егъэджакlуэу улэжьэныр сыт хуэдэ зэманми тыншу щытакъым. Абы и пщэ дэлъщ сабийхэм щlэныгъэ ябгъэдэлъхьэным и мызакъуэу, щlэблэм я гъэсэныгъэри. Щэджэм къалэм дэт 2-нэ курыт школым пэщlэдзэ классхэм щезыгъаджэ Кlарэ Сусаннэ ящыщщ къытщlэхъуэ щlэблэм и къару щымысхьыжу ядэлажьэхэм.

Кlарэ Сусаннэ

Кlарэр къыщалъхуари щеджэри Щэджэм Етlуанэрщ. Школыр къуиха нэужь ар щlэтlысхьащ Налшык дэт педагогикэ колледжым икlи сыт щыгъуи зыщlэхъуэпсу щыта зыщlэгъуэр зригъэгъуэтащ. Илъэс 30-м нэблагъауэ Сусаннэ лэжьыгъэм пэрытщ гурэ псэкlэ.

Сусаннэ иригаджэ сабийхэр хабзэ, нэмыс яхэлъу, хэкупсэу, лъпкъыпсэу щытыным хуегъаесэ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ гулъытэ хэха яхуещ Кlарэм. Абы еджакlуэхэм щlэх-щlэхьыгъэ ядрегъэкlуэкl классщlыбэ лэжьыгъэхэр, урок зэlуахэр, зэlущlэ зэхуэмыдэхэр. Ар махуэ къэси яужь итщ и урокхэм щlэщыгъуагъ гуэр хилъхьэну, сабийхэр ядэжьым дригъэхьэхьын папщlэ. Зи бзэрэ си хабзэрэ зыщlэж сабийр балигъыпlэ иува нэужьи, къызыхэкlа лъэпкъми къэралми хуэфащэу къызэрыхъунур егъэджакlуэм и фlэщ мэхъу.

- Сабийм щlэныгъэ бгъэдэплъхьэн и пэ къихуэу гъэсэныгъэ яхэлъхьэн хуейщ, - жеlэ Кlарэ Сусаннэ. - Гъэсэныгъэр псом ящхьэу сэ къызолъытэ, ар зыхэмылъыр къыпхуэгъэдэlуэнукъым. Адэ-анэри егъэджакlуэри зэкъуэту мы lуэхум яужь итыпхъэщ. Ахэр зэгурыlуэу зэдэмылажьэмэ, зым жиlэр адрейм димыбыгъмэ, сабийм и гупсысэкlэри и щытыкlэри екlэкlуэнущ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэу къэттыгъэр сабийр гъэзгу пэжым тетшэныщ, гупсысэ къабзэкlэр и гущlэм къыщыдгъэушынырщ. Мис апхуэдэ лъагъуэр щlэныгъэм ухуэзышэ Іэмалщ.

Пэщlэдзэ классхэм сабийм бгъэдэплъхьэ щlэныгъэм куэд елъытащ. Тхэкlи, еджэкlи, гъэсэныгъэр зищlысри зымыщlэ, илъэсихым щlигъуа къудей сабийр и анэм и Іэпэр иныгъыу еджапlэм къешэри, ар дзыхь хуищу егъэджакlуэм къыхуегъанэ. Ди нэгу къыщlэдгъэгъэхьэ егъэджакlуэм а махуэм хъыпэщlыгъ къалэныр зыхуэдизыр. Сусаннэ сабийхэм яхэтщ и къару емылбжьу, и нэlэ щlымыгъэкlыу.

Кlарэм и дерсхэр щlэщыгъуэу зэхеуухуанэ. Абы и урокхэм къышцегъэсэбэн егъэджэныгъэм зекlлаюэ ФГОС-м къиргъэув Іэмалхэр - джэгукlэ зэхуэмыдэхэр, теплъэгъуэ щlэщыгъуэхэр, зэпеуэхэр, нэгуэщlхэри. Сусаннэ къелъытэ егъэджакlуэм и щlэныгъэм махуэ къэс хигъэхъуэ, методикэ и лъэныкъуэкlэ щlэуэ къыхыхьэ псоми зыщlгъэгъуэзэн, и лэжьыгъэм теухуауэ тхылъыщlэу къыдэкlхэм еджэн хуейуэ. Апхуэмыдэмэ, сабийхэм нэщlысауэ уадэмылэжьэфыну ебж. Интернетым, компьютерхэм я Іэмалхэри пэщlэдзэ классхэм жыджэру къыщегъэсэбэн Кlарэм.

Егъэджакlуэ Іэщlагъэм гурэ псэкlэ зэрыбгъэдэтым папщlэ къалэ, район, республикэм къыбгъэдэкl фlыщlэ, щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфэщащ Сусаннэ. Абы иригъаджэ щlыгъуэ ныкъуэ Іэщlагъэр зригъэгъуэтащ. Илъэс 30-м нэблагъауэ Сусаннэ лэжьыгъэм пэрытщ гурэ псэкlэ.

Сусаннэ иригъаджэ сабийхэр хабзэ, нэмыс яхэлъу, хэкупсэу, лъпкъыпсэу щытыным хуегъаесэ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ гулъытэ хэха яхуещ Кlарэм. Абы еджакlуэхэм щlэх-щlэхьыгъэ ядрегъэкlуэкl классщlыбэ лэжьыгъэхэр, урок зэlуахэр, зэlущlэ зэхуэмыдэхэр. Ар махуэ къэси яужь итщ и урокхэм щlэщыгъуагъ гуэр хилъхьэну, сабийхэр ядэжьым дригъэхьэхьын папщlэ. Зи бзэрэ си хабзэрэ зыщlэж сабийр балигъыпlэ иува нэужьи, къызыхэкlа лъэпкъми къэралми хуэфащэу къызэрыхъунур егъэджакlуэм и фlэщ мэхъу.

- Сабийм щlэныгъэ бгъэдэплъхьэн и пэ къихуэу гъэсэныгъэ яхэлъхьэн хуейщ, - жеlэ Кlарэ Сусаннэ. - Гъэсэныгъэр псом ящхьэу сэ къызолъытэ, ар зыхэмылъыр къыпхуэгъэдэlуэнукъым. Адэ-анэри егъэджакlуэри зэкъуэту мы lуэхум яужь итыпхъэщ. Ахэр зэгурыlуэу зэдэмылажьэмэ, зым жиlэр адрейм димыбыгъмэ, сабийм и гупсысэкlэри и щытыкlэри екlэкlуэнущ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэу къэттыгъэр сабийр гъэзгу пэжым тетшэныщ, гупсысэ къабзэкlэр и гущlэм къыщыдгъэушынырщ. Мис апхуэдэ лъагъуэр щlэныгъэм ухуэзышэ Іэмалщ.

Пэщlэдзэ классхэм сабийм бгъэдэплъхьэ щlэныгъэм куэд елъытащ. Тхэкlи, еджэкlи, гъэсэныгъэр зищlысри зымыщlэ, илъэсихым щlигъуа къудей сабийр и анэм и Іэпэр иныгъыу еджапlэм къешэри, ар дзыхь хуищу егъэджакlуэм къыхуегъанэ. Ди нэгу къыщlэдгъэгъэхьэ егъэджакlуэм а махуэм къыпэщlыгъ къалэныр зыхуэдизыр. Сусаннэ сабийхэм яхэтщ и къару емылбжьу, и нэlэ щlымыгъэкlыу.

Кlарэм и дерсхэр щlэщыгъуэу зэхеуухуанэ. Абы и урокхэм къышцегъэсэбэн егъэджэныгъэм зекlлаюэ ФГОС-м къиргъэув Іэмалхэр - джэгукlэ зэхуэмыдэхэр, теплъэгъуэ щlэщыгъуэхэр, зэпеуэхэр, нэгуэщlхэри. Сусаннэ къелъытэ егъэджакlуэм и щlэныгъэм хигъэхъуэ, методикэ и лъэныкъуэкlэ щlэуэ къыхыхьэ псоми зыщlгъэгъуэзэн, и лэжьыгъэм теухуауэ тхылъыщlэу къыдэкlхэм еджэн хуейуэ. Апхуэмыдэмэ, сабийхэм нэщlысауэ уадэмылэжьэфыну ебж. Интернетым, компьютерхэм я Іэмалхэри пэщlэдзэ классхэм жыджэру къыщегъэсэбэн Кlарэм.

Егъэджакlуэ Іэщlагъэм гурэ псэкlэ зэрыбгъэдэтым папщlэ къалэ, район, республикэм къыбгъэдэкl фlыщlэ, щытхъу тхылъхэр къыхуагъэфэщащ Сусаннэ. Абы иригъаджэ щlыгъуэ ныкъуэ Іэщlагъэр зригъэгъуэтащ. Илъэс 30-м нэблагъауэ Сусаннэ лэжьыгъэм пэрытщ гурэ псэкlэ.

Сусаннэ иригъаджэ сабийхэр хабзэ, нэмыс яхэлъу, хэкупсэу, лъпкъыпсэу щытыным хуегъаесэ. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ гулъытэ хэха яхуещ Кlарэм. Абы еджакlуэхэм щlэх-щlэхьыгъэ ядрегъэкlуэкl классщlыбэ лэжьыгъэхэр, урок зэlуахэр, зэlущlэ зэхуэмыдэхэр. Ар махуэ къэси яужь итщ и урокхэм щlэщыгъуагъ гуэр хилъхьэну, сабийхэр ядэжьым дригъэхьэхьын папщlэ. Зи бзэрэ си хабзэрэ зыщlэж сабийр балигъыпlэ иува нэужьи, къызыхэкlа лъэпкъми къэралми хуэфащэу къызэрыхъунур егъэджакlуэм и фlэщ мэхъу.

- Сабийм щlэныгъэ бгъэдэплъхьэн и пэ къихуэу гъэсэныгъэ яхэлъхьэн хуейщ, - жеlэ Кlарэ Сусаннэ. - Гъэсэныгъэр псом ящхьэу сэ къызолъытэ, ар зыхэмылъыр къыпхуэгъэдэlуэнукъым. Адэ-анэри егъэджакlуэри зэкъуэту мы lуэхум яужь итыпхъэщ. Ахэр зэгурыlуэу зэдэмылажьэмэ, зым жиlэр адрейм димыбыгъмэ, сабийм и гупсысэкlэри и щытыкlэри екlэкlуэнущ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэу къэттыгъэр сабийр гъэзгу пэжым тетшэныщ, гупсысэ къабзэкlэр и гущlэм къыщыдгъэушынырщ. Мис апхуэдэ лъагъуэр щlэныгъэм ухуэзышэ Іэмалщ.

Пэщlэдзэ классхэм сабийм бгъэдэплъхьэ щlэныгъэм куэд елъытащ. Тхэкlи, еджэкlи, гъэсэныгъэр зищlысри зымыщlэ, илъэсихым щlигъуа къудей сабийр и анэм и Іэпэр иныгъыу еджапlэм къешэри, ар дзыхь хуищу егъэджакlуэм къыхуегъанэ. Ди нэгу къыщlэдгъэгъэхьэ егъэджакlуэм а махуэм къыпэщlыгъ къалэныр зыхуэдизыр. Сусаннэ сабийхэм яхэтщ и къару емылбжьу, и нэlэ щlымыгъэкlыу.

Кlарэм и дерсхэр щlэщыгъуэу зэхеуухуанэ. Абы и урокхэм къышцегъэсэбэн егъэджэныгъэм зекlлаюэ ФГОС-м къиргъэув Іэмалхэр - джэгукlэ зэхуэмыдэхэр, теплъэгъуэ щlэщыгъуэхэр, зэпеуэхэр, нэгуэщlхэри. Сусаннэ къелъытэ егъэджакlуэм и

Сочэ къалэм иджыблагъэ щекlуэкlащ къэралым и кадет классхэм я «Урысейм и олимпийскэ пщэдей» VIII Урысейпсо щlалэгъуалэ спорт-егъэджэныгъэ зэхуэс ин. А форумыр къызэгъэпэщын жэрдэмыр къыхилъхьат «Урысейм и акъылыфlэ ныбжьыщlэхэр» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

ЗЭХУЭСЫШХУЭМ хэтащ УФ-м и щlыналъэ 11-м я лыкlуэ командэ 14. Къэбардей-Балъкъэрым щыщу абы кlуащ Прохладнэ къалэм дэт кадет школ-интернатым и гъэсэнхэр. Къэхутакlуэ ныбжьыщlэхэр хэтащ щlэныгъэ-техникэ, художественнэ проект зэмылlэужьыгъуэхэмкlэ зэпеуэхэм. Зэlущlэм къыхуэзрагъэпэща технопаркым конструктор щlалэхэм щагъэлъэгъуащ космонавтикэм епха я къэхутэныгъэхэр. Форумым щылэжьащ клуб зэхуэмыдэхэр, гупжьейхэр. А псоми я къыхуэдгъэныгъэу щытащ «Спорт. Уэыншагъэ. Акъылыфlагъэ» псалъэхэр.

Мыгъорей зэпеуэхэм хагъэхьащ унэтlыныгъэщlэ зыбжани. Ныбжьыщlэхэр зэхьэзэхуащ 3D-моделированиемкlэ, хэтащ олимпиадэ зэмылlэужьыгъуэхэм, брейн-ринг зэпеуэм. Кьинэмыщlауэ, кадетхэм я зэфlэкlхэр ягъэлъэгъуащ зэдекlуу къэкlуасныжьыкlэ, хэкупсэ уэрэдхэр жыlэныжьыкlэ, тепсэлъыхьащ я командхэм, щеджэ кадет классхэм яlэ дамыгъэхэм къарыкlхэм. Ныбжьыщlэхэр жыджэру хэтащ спорт зэхьэзэхуэхэмк. Аэхэр Іэпщэкlэ зэпеlащ, я къару здынэсыр турникым щагъэлъэгъуащ футбол джэгуащ.

Зэхьихьэ иным къекlуэлlа ныбжьыщlэхэм зыхуагъэзэн, епсэлъыпlэн папщlэ, Сочэ къыргъэблагъат щыху цlэрыlуэхэр. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, Урысейм и Лlыхъужь Алимов Владимир, олимп чемпион Лукашин Игорь, нэгъуэщlхэри. Абыхэмрэ кадетхэмрэ я зэхуэзэхэр гукъинэ ящыхъуауэ лъэныкъуэитlми. Форумым и творческэ программэм къриубыдэу щlалэ щlыкlуэхэм папщlэ къызэрагъэпэщат уэрэд жыlэнымкlэ, къэфэнымкlэ дерс зэlуха гъэщlэгъуэнхэр.

Ди гуапэ зэрыбгъэдэлъ Прохладнэ къалэм дэт кадет школ-интернатым и гъэсэнхэр нэхъыфlхэм щыхалъытащ а зэхуэсым. Абыхэм кьахьа текlуэныгъэм ирогушхуэ икlи ирогагъ я ныбжьыгъуэ щыкlуэхэри егъэджакlуэхэри. Ди щlыналъэм къэкlуэжа нэужь, ныбжьыщlэхэр абыхэм ядэгуэшащ Сочэ къалэ дахэм щалъэгъуэжамкlэ.

- Сочэ щекlуэжкlа къэралпсо щlалэгъуалэ зэхуэсым ди еджакlуэхэр пашэ зэрыщыхъуар хуабжьу дызыщlигъфыкlэ lуэхугъуэщ. Школым иужьрейуэ зыlэригъэхьа екъулlэныгъэ нэхъ инхэм ящыщщ ар, - жеlэ lуэхущlапlэм и унафэщl, подполковник Биттиров Борис. - А текlуэныгъэр щыхьэт тохъуэ ди еджапlэм и гъэсэнхэр зэфlэкlышхуэ зыбгъэдэлъ, зи щlэныгъэм адэкlи нэхъ куууэ хэзыгъэхъуэну зи мурад ныбжьыщlэхэу зэрыщытыр. Абыхэм яхэлъ къаурм дэщlыгъущ акъылыфlагъэри гупсысэ щэщlари.

Унафэщlым зэрыжиlэмкlэ, интернатым и Іэщlагъэлlхэр дяпэкlи хущlэкъунущ я бынхэр дзыхь къахуэзыщlа адэ-анэхэм я гугъэхэр гъэпэжыным, я щlэблэр ди республикэм, къералыр си зэфlэкlхэмкlэ цlэрыlуэ хъуным.

КЪАРДЭН Маритэ.

Адэ-анэхэм я гугъэхэр щlэблэщlэм ягъэпэж

● Ехъулlэныгъэ

Сочэ къалэм иджыблагъэ щекlуэкlащ къэралым и кадет классхэм я «Урысейм и олимпийскэ пщэдей» VIII Урысейпсо щlалэгъуалэ спорт-егъэджэныгъэ зэхуэс ин. А форумыр къызэгъэпэщын жэрдэмыр къыхилъхьат «Урысейм и акъылыфlэ ныбжьыщlэхэр» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм.

ЗЭХУЭСЫШХУЭМ хэтащ УФ-м и щlыналъэ 11-м я лыкlуэ командэ 14. Къэбардей-Балъкъэрым щыщу абы кlуащ Прохладнэ къалэм дэт кадет школ-интернатым и гъэсэнхэр. Къэхутакlуэ ныбжьыщlэхэр хэтащ щlэныгъэ-техникэ, художественнэ проект зэмылlэужьыгъуэхэмкlэ зэпеуэхэм. Зэlущlэм къыхуэзрагъэпэща технопаркым конструктор щlалэхэм щагъэлъэгъуащ космонавтикэм епха я къэхутэныгъэхэр. Форумым щылэжьащ клуб зэхуэмыдэхэр, гупжьейхэр. А псоми я къыхуэдгъэныгъэу щытащ «Спорт. Уэыншагъэ. Акъылыфlагъэ» псалъэхэр.

Мыгъорей зэпеуэхэм хагъэхьащ унэтlыныгъэщlэ зыбжани. Ныбжьыщlэхэр зэхьэзэхуащ 3D-моделированиемкlэ, хэтащ олимпиадэ зэмылlэужьыгъуэхэм, брейн-ринг зэпеуэм. Кьинэмыщlауэ, кадетхэм я зэфlэкlхэр ягъэлъэгъуащ зэдекlуу къэкlуасныжьыкlэ, хэкупсэ уэрэдхэр жыlэныжьыкlэ, тепсэлъыхьащ я командхэм, щеджэ кадет классхэм яlэ дамыгъэхэм къарыкlхэм. Ныбжьыщlэхэр жыджэру хэтащ спорт зэхьэзэхуэхэмк. Аэхэр Іэпщэкlэ зэпеlащ, я къару здынэсыр турникым щагъэлъэгъуащ футбол джэгуащ.

Зэхьихьэ иным къекlуэлlа ныбжьыщlэхэм зыхуагъэзэн, епсэлъыпlэн папщlэ, Сочэ къыргъэблагъат щыху цlэрыlуэхэр. Апхуэдэхэт, къапщтэмэ, Урысейм и Лlыхъужь Алимов Владимир, олимп чемпион Лукашин Игорь, нэгъуэщlхэри. Абыхэмрэ кадетхэмрэ я зэхуэзэхэр гукъинэ ящыхъуауэ лъэныкъуэитlми.

● Зэпеуэхэр

Школ олимпиадэхэр йокlуэкl

Хабзэ хъуауэ, дыгъэгъазэ, щlышылэ, мазае мазэхэм ди республикэм щокlуэкl школ олимпиадэхэр. Мы махуэхэм ныблэ зэпеуэм и щlыналъэ Іыхьэр. А щекlуэжкlынущ Налшык дэт школ-интернат №3-м.

ОЛИМПИАДЭМ хэтщ апэщlыкlэ школпсо зэпеуэхэм, къыкlэлъыкlуэу щlыпlэ (район) зэхьэзэхуэхэм щытекlуа ныбжьыщlэхэр. 5-11-нэ классхэм щlэс апхуэдэ еджакlуэхэр ирагъэблагъащ зэпеуэм и щlыналъэпсо Іыхьэм. Ныбжьыщlэхэр зэхьэзэхуэнущ математикэ, обществознание, тхыдэ, биологие, экологие, урысыбзэ, анэдэлъхубзэ (адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ), инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэмыщlбзэ предметхэмкlэ ябгъэдэлъ щlэныгъэхэмкlэ.

Школ олимпиадэм и иджырей щlыналъэ Іыхьэм хэтщ ди республикэм и школхэм къикlа ныбжьыщlэ 800-м нэс. Олимпиадэр 2016 гъэм и мазаем ику пщlондэ екlуэкlынущ. Зэпеуэхэм пашэ щыхъуэхэр ягъэкlуэнущ школакlуэхэм я къэралпсо олимпиадэу Москва къыщызрагъэпэщынум.

ТАМБИЙ Линэ.

● Іуэху еплъыкlэ

Гулъытэ зыхуэщlыпхъэ

Ержыб Аслъэн

Ди тхакlуэхэм, усакlуэхэм я гъащlэмрэ я литературэ лэжьыгъэмрэ, зыр адрейм зэрещхьымрэ къызэрыщхьэщыкlымрэ, дэтхэнэми адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм хуища хэлъхьэныгъэр еджакlуэхэм я пащхьэм зыхуей хуэзэу илъхьэн хуейщ. Адыгэ литературэр школхэм зэрыщрагъэдж ди тхылъхэм мы Іуэхугъуэр къызэрыщыгъэлъэгъуам арэзы къыщlырхъым, тхыгъэхэм я нэхъыбэр очерк тхыкlэм нэхъ и гъунэгъуу гъэпсащ.

● Іуэху еплъыкlэ

Гулъытэ зыхуэщlыпхъэ

Ержыб Аслъэн

ПСАЛЪЭМ папщlэ, арэзы утехуэу хъунукъым Шортэн Аскэрбий и гъащlэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ тезхуауэ тхылъым ит тхыгъэм (Еплъ «Адыгэ литературэ», 11-нэ классыр зэреджэн тхылъ. Налшык, 2008, нап. 16 - 18). Шортэным теухуа псалъэмакъыр нэхъыбэу икlи нэхъ щlэщlагъуэу къыдэщlыбыдэу щытын хуейщ. Тхакlуэм и гъащlэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ теухуа Іыхьэр, сэ сызэрелъпlыкlэ, мы щlыкlэм тету ухуапхъэщ.

Шортэн Аскэрбий Тlэхьир и къуэр дыгъэгъазэм и 16-м 1916 гъэм Лэскэн районым щыщ Лэскэн Етlуанэ адыгэ къуажэщхуэм дзэ унагъуэ хэущlам къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэри и щlалэгъуэм и ныкъуэри я къуажэм щlэгъэкlуащ. И ныбжьыр илъэсий ирикъуа нэужь, ар я къуажэ школым щlэтlысхьэри абы илъэсиблкlэ щеджащ. Иужькlэ Аскэрбий и щlэныгъэм щыпищащ Налшык педтехникумым. А гъэхэм Шортэным куууэ ежьапкъ зэмылlэужьыгъуэхэм я литературэм щыщ тхыгъэхэр, адыгэ Іуэрыlуатэр, тхыдэр. Аузэ Шортэныр литературэм дехьэх, пьесэ щlыкlуэхэр етх, ахэр къэжэхэм щагъэльагъуэ, абы Аскэрбий иІэ-и льэр щlегъэкlт, театр хэзlухъущlхэм дехьэхри, абы хуеджэну мурад быдэ ещl. Педтехникумыр ехьэлlэныгъэкlэ къэзыуха, щlэныгъэм хуэнэхьуеинШэ Шортэныр 1936 гъэм Москва дэт театральнэ институтым и режиссер факультетым щlотlысхьэри, псоми фlыкlэ къэхэщу егугъуу йоджэ. Мы илъэсхэм абы куууэ щыгъуазэ зыхуещl театр гъуазджэм теухуа Іуэхугъуэхэм; урыс икlи хамэ къэрал драматургхэм я пьесэ нэхъыфlхэм я ухуэкlэмрэ я зэхэлъыкlэмрэ, льэпкъыбзэ литературэм, тхыдэм, философием, логикэм. Псом хуэмыдэу ар дехьэх Шорэнэщlыкlу Алий и тхыгъэхэм. Арыххэу Аскэрбий мурад ещl пьесэ тхыным и къарур щигъэнэхунуи, «Батыр и къуажэ» зыхуиlэ пьесэм елэжьын щlедзэ икlи ар 1939 гъэм тхын еухри, утыку кърехьэ. Пьесэр псоми гурыхь ящыхъуащ. Щlэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ, творческэ лэжьыгъэм дихьэхауэ я ятэ пьесэр къыздишэри 1939 гъэм Шортэным и лъэхэм къыгъэзэжащ, зыхуеджа Іэщlагъэм занщlэуи ирилэжьэн щlидзащ. Хэку зауэшхуэр къэхъеиху ар адыгэ театрым и режиссеру лэжьащ, фlыуэ илъагъу и Іэщlагъэм иригушхуэу икlи иригуфlэу, игури и псэри етауэ, ауэ зауэ бзаджэм и зэранкlэ ар абы зэпигъэуащ. Илъэ махуэхэм къыщыщlэдзауэ зауэр иухыху, лlыхъужьыгъэ къыгъэльагъуэу Аскэрбий зэуапlэм Іутащ, зыбжанэрэ уlэгъэ щыхъуащ, ауэ, и насыпти, къелащ. Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лlыхъужьыгъэм папщlэ Шортэным орденрэ медалу зыбжанэ къратащ, занщlэуи мамыр лэжьыгъэм щидзэжащ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым Аскэрбий итхащ «Пуиз», «Танкистищ», «Пlыхъужь унагъуэ» пьесэхэр, «Атакэ нэужьым», «Гъатхитl», «Псэемыблэжжэм я нып» рассказхэр, «Къэбардей-Балъкъэрым щекlуэкlа зауэшхуэр» очеркыр. Иужькlи Шортэным итхащ зауэ лъэхъэнэм и нэгу щlэкlар къызэхъщыкъ тхыгъэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ «Балъкъэ и деж», «Пlыгъэм и вагъуэ» рассказхэр, «Мыпсэхьж шу» очеркыр.

Хэку зауэшхуэм и иужьрей илъэсипщlыр щытащ тхакlуэм и литературэ лэжьыгъэм и зыужьыныгъэу. Мы илъэсхэм Шортэным итхащ рассказ купщlафlэм зыбжанэ, «Бгырысхэр» роман-тетралогием я ятэ тхылъыр, Іуэхугъуэ зэмылlэужьыгъуэхэм теухуа критическэ тхыгъэ зыкъом, пьесэ зыщlыпll, очерк купщlафlэхэр, гушыlэ, ауаныщl рассказ гъуэзэджэхэр: «Хэтхэ я унэ кьанжэ тес?», «Фатlимэт и пшынэр егъэгъуагъуэ», «Мэцыхъу зегъэхъу», «Къурlэнри дигъэкlуащ», нэгъуэщlхэри.

Шортэным и рассказ купщlафlэхэм ар цlэрыlуэ ящlащ, ауэ абы и тхакlуэ щlыхьыр пльагъу зыlэтар, и цlэр жьыжьэ зыгъэlуар и пьесхэмрэ «Бгырысхэр» роман-тетралогиемрэщ. Абы и ятэ тхылъыр 1954 гъэм, етlуанэр - 1975 гъэм, ещанэр - 1985 гъэм къыдэкlащ, еплlанэр - 1988 гъэрщ дунейм къыщытехьар, езы тхакlуэр зэрылlэрэ илъэсищ дэкlауэ.

Щlхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ Шортэным адыгэ драматургием, щlэныгъэ-къэхутакlуэ институтым адыгэ Іуэрыlуатэмкlэ и къудамэм и унафэщlу. Іуэрыlуатэр зэхуэхьэсыным, ар джыным, зэрыхуэфащэу зэхэдзыным, къыдгъэкlыным ехьэлlа Іуэхугъуэхэм елэжьащ. Абы итхащ хуэlуэхуэщlэ зэмылlэужьыгъуэ куэдым ятеухуа пьесэ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ «Батыр и къуажэ» (1939), «Андемыркъан» (1940), «Нэхур къыщыщlэнэм» (1947), «Зы унагъуэ гуэрым» (1956), «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» (1968), «Июль мазэр гуащlэщ» (1979), «Фыз цlыкlу къамэшхуэ» (1981). «Нэхур къыщlэнэм щыгъуэ» пьесэм папщlэ Шортэным 1947 гъэм Урысей Федерацэм къыбгъэдэкl саугъэтыр къыхуагъэфэщащ. Аскэрбий и пьесхэр щlыпlэ куэдым щагъэлъэгъуащ, урысыбзэкlи зэрадзэкlащ. Ахэр нэхъ зытеухуар ди зэманым и цlыху пэрытхэрщ, абыхэм я гъащlэмрэ я гуащlэмрэщ, я гурыгъу-гурыщlэхэмрэ я Іуэхущlафэ инхэмрэщ.

Шортэным и Іэдакъэ къыщlэкlащ театр гъуазджэм теухуа тхыгъэ куэд, зы тхылъ щхьэхуэ («Къэбардей-Балъкъэрым и театральнэ гъуазджэр»). Адыгэ драматургиемрэ лъэпкъ гъуазджэмрэ я зыужьыкlар джыныкlэ ар мыхьэнэщхуэ зиlэ тхылъ щхьэпэщ. Пьэпкъ щэнхабзэм дежкlэ хэлъхьэныгъэщхуэ ин дыдэщ щlэныгъэлlым и тхылъхэу «Къзэанокъуэ Жзбагъы» (1956), «Къалмыкъ Бетlал» (1963), «Адыгэ мифологие» (1982), «Адыгэ культхэр» (1992) жыхуиlэхэр, журналхэм тета абы и тхыгъэхэр.

Ар ди литературэм и тхыдэм иужьрей илъэс 80 - 85-м къыщыхъуа Іуэхугъуэ нэхъ ин дыдэхэм егъэпщагъэ абы и Іэдакъэщlэкlхэр лъэхъэнэ щхьэхуэу гуэшыпхъэщ.

Ялъэхъэнэм къызэщlеубыдэ тхэн щыщlидзэ 1933 гъэмрэ Хэку зауэшхуэр къыщежьа 1941 гъэмрэ я зэхуакум дэлъ зэманыр, тхэным зыщыхуигъэхьэзыра, и ятэ тхыгъэхэр дунейм къытехьэу щыхуежьа илъэсхэр.

Етlуанэ лъэхъэнэр - 1941 – 1945 гъэхэрщ. Мы илъэсхэм тхакlуэм и зэхэщlыкlым зеужь, и зэфlэкlыр зауэм и мафlэ лыгъэм епсыхь, абы гъащlэм, дунейм хуиlэ щытыкlэм зехъуэж, и Іэзагъым хохъуэ, и Іуэху еплъыкlэм зэхъуэжlыныгъэхэр егъуэт; зы едзыгъуэу зэхэлъ пьесхэр, рассказхэр, очеркхэр етх.

Ещанэ лъэхъэнэр - зауэ нэужь илъэсипщlырщ, 1946 - 1956 гъэхэрщ. Зауэм къиша хэщlыныгъэ инхэр гъэзэкlуэжыным, Хэкум и щlыхьыр къэlэтыжьным, къэралыр зэlуэпэщ псэукlэм хуэшэным жыджэру хуэлажьэ щlыхуэр гъэлъапlэным тхакlуэм емызэщlыжу хущlокlу. Мы гъэм тхакlуэм и щlэныгъэ-къэхутэныгъэ lэжьыгъэм къыдэкlуэу ауаныщl, гушыlэ рассказхэр, пьесэхэр, фельетонхэр, очеркхэр етх. «Бгырысхэр» романым и яп тхылъыр къыдегъэкl (1954), и литературно-критикэ тхылъхэр щlэх-щlэхьыгъэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытрадзэ.

Еплlанэ лъэхъэнэр ин дыдэщ, абы къызэщlеубыдэ 1957 - 1985 гъэмрэ. Мы илъэсым тохуэ тхакlуэм и тхыгъэ нэхъыфlхэм я нэхъыбэр щитхар. Абыхэм ягъэбелджылы къэралми республикэми щекlуэкlа Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, щlыхь гъащlэм къыщыхъуа зэхъуэкlыныгъэфlхэри, мыхъумыщlэхэри, къинэмыщlэхэри.

Тхакlуэм и Іэпкъым хуилажьа Іуэхугъуэ инхэр гулъытэншэу къагъэнакъым: абы орденрэ медалу зыбжанэ къратащ, щlыхь тхылъхэр тыгъэ хуащlащ. Шортэным КъБР-м и щlыхьэ тхакlуэ, РСФСР-м и гъуазджэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ щlэ лъапlэхэр къыфlащащ. Абы лъэпкъ лъагъуныгъэр и гущlэдзкl хъэлэлымкlэ къилэжьащ. Ар псом нэхърэ нэхъ дамыгъэ лъапlэщ. Шортэным и гъащlэмрэ и лэжьыгъэмрэ гуапэу тепсэлъыхьащ Гъут Іэдэм, Елгъэр Кашиф, Ержыб Аслъэн, Журт Биберд, Кlурашын Бетlал, Къэрмокъуэ Хьэмид, Къажэр Хьэмид, Къэшэж Лиуан, Пщыбий Инал, Теунэ Хьэчим, Хьэхъупащlэ Хьэжбэчыр, Іутlыж Борис сымэ, нэгъуэщlхэри.

Тхакlуэ щlэрыlуэ драматург гъуэзэджэ, щlэныгъэлlI Іэзэ, режиссер губзыгъэ, хэкулl ахъырзэман Шортэн Аскэрбий и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирикъуа къудейуэ дыгъэгъазэм и 22-м дунейм ехьжащ, ауэ абы и тхыгъэ купщlафlэхэр ди литературэм и тхыдэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ игъащlэкlэ къыхэнэнущ.

Мыпхуэдэ щlыкlэм тету егъэджэныпхъэщ адрей ди тхакlуэ пажэхэм я гъащlэмрэ я литературэ лэжьыгъэмрэ. Абыхэм ятеухуа тхыгъэ купщlафlэм ядэщlыгъун хуейщ ахэр къызэрапщытэж упщlэ щэрыуэзэмрэ лэжьыгъэ щхьэпэхэмрэ. Ядж художественнэ тхыгъэхэм хэхуэнахуэ щlытыпхъэщ литературэм и теорием щыщ гуэри.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
педагогикэ щlэныгъэхэм я кандидат, Дагъыстэн Республикэм и еджапlэм щlыхь зиlэ и егъэджакlуэ.

Сабий-ныбжьыщlэ спортым зрагъэужь

● Хъыбар гуапэ

КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Іуэхухэмкlэ и министерствэм тхьэмахуэ кlуам зэlущlэ гуапэ щекlуэкlащ. Гуфlэгъуэ щытыкlэм иту къызэрагъэпэща зэхуэсым Къэбардей-Балъкъэрым и еджапlитlым щратащ спорт оборудованэ зэрыхуагъэувынум щыхьэт текlуэ сертификатхэр.

ГУФlЭГЪУЭ зэlущlэм хэтащ УФ-м и Олимп Комитетым и лыкlуэхэр, Спорт гъуазджэхэмкlэ Урысейпсо зэгухьэныгъэм (РСБИ) и гъэзэщlакlуэ комитетым хэтхэр, а зэгухьэныгъэм КъБР-м щlэ и къудамэм и унафэщlхэр. РСБИ-м къыбгъэдэкl татами (щызэбэн алэрыбгъу) зырыз тыгъэ хуащlащ Іэщlхьэмахуэ районым хыхьэ Гундэлэн къуажэм дэт курыт школ №4-м. Нэщlыкъ дэт гимназие-интернат №1-мрэ. Спорт клубхэр нэхъыфlу щылажьэ еджапlэхэу къалъыта а школхэм екlуалlэ ныбжьыщlэхэм иджы Іэмал яlэщ алрыбгъу зэпещlым тету бэнэкlэм и щхьухэм зыхуагъэсэну.

Фигу къэдгъэкlыжьынщи, Спорт гъуазджэхэмкlэ Урысейпсо зэгухьэныгъэр Школ спорт клубхэм я лэжьыгъэр дэIыгъныкlэ къэралпсо зэпеуэм и лауреат хъуащ 2015 гъэм. А зэхьэзэхуэр къызэригъэпэщауэ щыташ Урысей Федерацэм и Олимп Комитетым. С

Шэрджэсым и гугъэфІэн пшыналъэхэр

«Ей, мы шыкІэпшынэжьым куэд илъэгъуащ. ЩІыпІэ куэди къыздикІухьащ си гъусэу. Уеблэмэ Тыркум дыщыІэу, ди лъэпкъэгъуэхэм я пащхьэ пшынальэ куэд къыщыпкърыкІащ...» - жиІэурэ Алий хуэсакъыпэурэ шыкІэпшынэр пхъуантэм къыдех, езым и закъуэ ди пащхьэ къитІысхьэн укІытэ нэхьей,ари гъусэ зыхуещІ. ШыкІэпшынэр и куэщІым иригъэзэгъа нэужь, лъынтхуэхэм тоІэбзэрэбыхь, шым шэсын и пэ уанэпсхэр зэрыщІакъуэзэм хуэдэу. Иужьым макъ кІэщІ хъуаскІэхэр къыдрегъэпхъ. И Іэхэр, щытурэ езэша шагъдийуэ, еутІыпщри, пшыналъэ дахэм зрегъэукъуэдий.

ДЭРИ абы и пшыналъэ дунейм дыхэгъуаззурэ, къыдгуроІуэ ди нэхьыжьыфІыр и гукъэкІыжэмкІэ къыддэгуэшэну зэрыхьэзырыр. АдыгэлІ гъуэзджэ, нэхъыжьыфІ Іумахуэ, усакІуэ, Іуэрыіуатэм и дышэ пхъуантэм и хьумакІуэ, УФ-м и Тхакіуэхэм я союзым хэт, КъШР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Шэрджэс Алий Инус и къуэм илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу зыхуэдгъэзащ, и гъащІэр къызэрекІуэкІам теухуа упщІэхэм я жэуап дыльыхьуэу.

Нэхъыжьыфым и гукъэкІыжхэмрэ пшыналъэмрэ зэхэухуэнауэ ди пащхьэм кърелъхьэ. Ухуакіуэ Іэзэм хуэдэу, Алий гукъэкІыж къызэрилъхьэхэм я блынкэр зэпэшэчауэ «къыдрещІей»: зэм гукъэкІыж мывэр егъэтІылъ, зэм пшыналъэ жыпсыр децІэлъ...

1936 гъэм Къэсейхьэблэ хьэжрэт къуажэжьым къыщыхъуащ Алий. Даур Лиз пэсгъу зыщІу, унагъуэ лъабжьэ зыгъэтІылъа Инус хуэдэ нэхъыжьыфІ Іумахуэ куэд дэсащ а зэманым Къэсейхьэблэ. Алий игу къеГъэкІыж ахэр зыр адрейм хуэфэщэжу, адыгэ лІыжь дахэхэу, хэти и Іэхъум хуэщІауэ, хьэл-щэн дахэрэ щапхъэрэ къызытехыныр гъунэжу зэрыпсэуахэр. Шэрджэс Хьэмтал и дежи нэхъ щызэхуэсырейт ахэри, и сабиигъуэм къыщыщІэдзауэ щІалэ тыкъыр хьуху Алий ахэращ зыхэсар. Я пэщІыкІэ Іэпыдзлъэпыдзу яІащ, иужьым, уэрэд жьІэным хуэІэкІуэльакІуэ щыхъум, лІыжьхэм уэрэдыжьхэр щашэщІкІэ ежьум хагъахьэу щІадзащ. Мис абы къыщежьащ Алийрэ уэрэдымрэ зэхуаІэ хъуа лъагъунытэр.

- Лъэпкъым и Іэфіагъыр япэу щыпсыхэсщІа а ди нэхъыжьыфІ Іумахуэхэм я дежщ. Ахэр ауэ сытми лІыжьт! Іэшэнэри уримыукІытэу сыт хуэдэ утыкуэм ипшэ хьуну, чэнджащІи, ущиекІи, хъыбарыжькІи, Іуэху зехьэкІэкІи сыт хуэдэ фІагъ ри къызыкъуэпхыфыну щІыхуэт. Нобэр къыздэсым сщыгъупщэжкъым Хьэмтал тхьэмыщкІэм игъэгъуа лым и Іэфіагъыр. Ар езыр Іэщ зэІыхьным, лы упІэным, гъэгъуным хуабжьу хуэІэзэт. Ар нобэ дауэ къыбгурыгъэІуэну абы ехьэлІа Іуэхугъуэ куэдыр? Хабзэ тІэщІэхужахэм ящыщщ ари, лыр къызэрыкІуэу дыупІэу, дгъэгъуну пытпъхьэмэ, зэфІэкІа къытщохъу. Хьэмтал сымэ абы нэгъэсауэ хуэІэрыхуэт. КІуэаракъэ, ди губгъуэхэм мэ Іэфі къыпихыу сыт хуэдэ удэ къыщыкІми яцІыхурти, ахэр псори къагъэсэбэпурэ мо лы яГъэгъупІар иужьым шхыныгъуэу гъэхьэзырауэ Іэнэм къытралъхьэмэ, мэ гуакІуэ къыщхьэщих къудейм уи Іэпкълъэпкъыр хьэзэщІигъэушэрт. Нобэ си гъащІэм сыхэплъэжмэ, а псори си лъым хэпщауэ щытщ: ди нэхъыжьыфІхэм я щапхъэ дахэхэри, абыхэм къызжаІа уэрэдыжьхэри, хъыбарыжьхэри, Хьэмтал мыгъуэм игъэгъуа лым и Іэфіагъ къызэрымыкІуэри... - Алий и гукъэкІыж псалъэхэм зрегъэущэхури, адэкІэ пшыналъэкІэ пещэ. Иджы кырГъэкІыр Хьэбзэшмрэ иджырей Адыгэ-Хьэблэмрэ щызэхэкІам яуса уэрэдыжьырщ. Пшыналъэм зы гукъэкІыж лъагъуэ хешри, абы бытету Алий и щІалэгъуэ илъэсхэм догъэзэж.

А зэманым Хьэбзэшм и щэнхабзэ купсэм щрагъэджэн щІадзат пшыналъэ къызэрыкІ Іэмэпсымэхэр гъэІэрыхуэным, уэрэд жьІэным хуэзыгъасэ Іэмалхэм. Абыкіэ сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ ядэгуащэрт уэрыс егъэджакІуэхэр. Алий игу къызэригъэкІыжьымкІэ, егъэджакІуэфІхэр къыпэщІэхуащ. ЛІыжьхэм зыдрагъэхьэха уэрэдымрэ пшыналъэмрэ щІигъэбыдыхьыжьын хуІэкІащ уэрэд жьІэкІэ Іэмалхэмкіэ, макъамэ къыздырагъэкІ Іэмэпсымэ зыбжанэмкІэ.

Алий дзэм къулыкъу щищІну щыдзэкІам хуиту игъэІэрыхуэфырт пшынэри лъынтхуэрыкІуэ Іэмэпсымэхэри. Ар ауэ къызэрыкІуэ зыІэрыхуэкІэу щымыту, нэгъэсауэ къызэрехъулІэу щытар къыбжеІэ зы закъуэм: къулыкъу къыддэзыщІэ сэлэтхэм ахъшэ зэхадзэри, и япэ пшынэр къыхуащхуауэ щытащ. Пшынэр - адыгэ пшынэтэкъым, «двухрядка» урыс пшынэ цІыкІут. Арами, Алий абы и «ІумпІэр» нэгъэсауэ иубыда иужь, и ныбжьэгъу сэлэтхэр зэриГъэгуфІэ урыс уэрэдхэм къыщымынэу, адыгэ пшыналъэхэри къригъэкІыурэ яригъэгъащІагъуэрт. А зэман жьжьэм Алий пшыналъэмрэ уэрэдымрэ къадришэжьа гъуэгуанэм иужьым зэгуэрми епцІыжакъым. Абы и Іэнэ щхьэгъуэ, Алий аргуэрыжьу шыкІэпшынэм и макъ тхъунщІам зрегъэшэщІри, ди лъэІукІэ, езым нэхъ фІэгурыхь пшыналъэр къытхурегъэкІ: ар «лІыжь (фызыжь) къафэ» жьхуаІэжращ, къызэрыкІуэбзэкІэ «Хьерэ-хьерэ»-кІэ зэджэщ.

- Ди сабиигъуэ-щІалэгъуэ зэманращ Кавказ зауэжьым си псэр къызэрыха лъэпкъэгъуэм и пшыналъэхэмрэ ахэр къызэрыригъэкІ Іэмэпсымэхэмрэ щІэгупсысужьыну пІалъэ къыщыхудэхуар. Зауэжьым яІэщІха пшыналъэ хабзэхэр мащІэ-мащІэурэ зэхуахьэсыжь хъуащ. Абыхэм ящыщт шыкІэпшынэри. Сигу ихужькъым зы шыкІэпшынэ къута закъуэ къагъэтэжу Хьэбзэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм къызэрырахьэлІауэ щытар. Ар зэтрагъэпсихьыжри, абы къыщежьащ нобэрей ди шыкІэпшынэхэм я «етІуанэ гъащІэр». Тхьэм и фІыщІэкІэ, нобэ лъэпкъым зэхуихьэсыжьфащ и хабзэфІ, Іэмэпсымэ куэд. Абыхэм ящыщщ мы шыкІэпшынэри, - жеІэ Алий икІи и псалъэхэм пещэ «Адыгэ пащтыхьхэм я тхъэусыхэ» уэрэдыжьымкІэ. Ар зэхэзыха и щхьэгъусэ, гъащІэм и Іэфіагъри дыджагъри дзэзыгъэша Роз я къыщІохьэри, щэхуу къыдбгъэдотІысхьэ.

Бын хъарызнэхэр зэдапІащ, гъуэгуанэ захуи трагъэхьэн яхуэзфІэкІащ зэщхьэгъусэхэм. Иджы абыхэм къащІэхъуэжа щІэблэр къащыхэкІуэкІэ яхуэгуфІэу, псэ Іыхьэ дагуэшу жьышцхэ махуэм хоплъэ.

Алий уэрэд, пшыналъэ закъуэрэ къыми гъащІэ гъуэ зэхуиущІар. 1958 - 1963 гъэхэм ар Ставрополь мэкъумэш институтым щыхуеджащ зоотехник Іэщ Іагъэм, пенсэм кІуэхуКІи абы ирилэжащ, Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэми пэрытащ. Абы къыщымынэу, Шэрджэсым жьыуэ къыщІидзащ и усэн-тхэнри. Езым игу къызэригъэкІыжьымкІэ, пщІэдзэ классхэм щІэсу усэн щІидзащ. Иужьым уэрэдыжьхэри, хъыбарыжьхэри, Іуэрыіуатэри зэхуихьэсыжу иригъэжьащ. Дауи, абы и лъэныкъуэкІэ лъабжьэфІ хуэзыгъэтІылъа-хэм ящыщщ и анэ тхьэмыщкІэр. Абы фІыуэ ищІэрт адыгэ хъыбарыжьхэри уэрэдыжьхэри. ИщІэ хуэдейм къыщымынэу, езыр акъыл жанти, зэ зэхихар псэуухуІэ щымыгъупщэжу и гъащІэ къэлтмакъым ирилъхьэрт, дахэ дыдэуи уэрэд жиІэрт.

Лъэпкъ щэнхабзэм зи увыпІэ щызэыубыда «Іэдийху» ансамблыр къызэзыгъэпэщащхэми абыхэм ядэгъэгурыкІуахэми ящыщщ Алий. А илъэс жьыжьэхэм хэплъэжмэ, игу кьегъэкІыж хьэлъэзешэ машинэ къызэрыгуэкІым и гукІэм иугъуеяуэ ансамблыр губгъуэрылажьэхэм я деж куэдрэ зэрыщыІар. ГуащІэм зи гъащІэр хуэзыгъэтІылъ мэкъумэшыщІэхэм ансамблыр ядэгуащэрт уэрэдхэмкІэ, къафэхэмкІэ, пшыналъэхэмкІэ. «Іэдийху» ансамблым хэту Шэрджэсым Польшэм, Москва зыкъыщигъэлъэгъуауэ щытащ.

- Адыгэ Республикэм къызэригъэпэща гуп Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я деж щыкІуэм гъусэ сызыхуащІащ. Абдежращ япэу хэхэс адыгэхэм сащыхэплъар. Жэщ-махуэ имыІэу, адыгэ къуажэхэм дыкъыращэкІыурэ гъэщІэгъуэн куэд дагъэпэгъуащ. Дэри адыгэ пшыналъэ, уэрэдыжь куэдым щІэдгъэдэІуауэ щытащ. Тыркум и зы щІыпІи къэдмыгъанэу къызэхэткІуахьауэ жыпІэ хъунущ. Абдежщ япэу щыслъэгъуар ди лъэпкъэгъуэхэм я бзэри хьэл-щэн дахэхэри зэрамыгъэкІуэдар, зэрыадыгэм иригушхуэу зэрыпсэур. ПсалъэкІэ къэІуэтэжкІэ щІэуар ахэр гуапэу къызэрыптежьар. Щэжьжьым щыпсэу адыгэхэм ди щхьэр тебгъэ дагъэпэгъужауэ щытащ. Тхьэм фІыщІэ кьахуищІ, хамэ щІыпІэм къыщыхутами, зэрыадыгэр зыгъэпэгъуэ тепІъэгъуэхэр ямыгъэкІуэдауэ псэухэрт, - къыпещэ Алий.

Тыркум щилъэгъуа, щызэхиха хъыбарыжьхэр, хабзэхэр, езым и усыгъэр хэту, иужьым тхьэпІ щхьэхуэу къыдигъэкІыжащ. Апхуэдэщ: «Ди лъахэм и хъыбархэр», «Адэм и мэІуху», «АдыгэцІэхэр», «Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ дагъэзза псалъэхэр», «Адэжь хъыбархэр» тхьилъхэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и лъэІукІэ Хьэкъун Мухьэмэд щІигъуэ зэхуихьэсыжу къыдагъэкІа «Адыгэ Хабзэ» тхьилъэр.

КъищымынэмыщІауэ, Алий псалъэжь куэд къызэщІикъуэжащ. 1963 гъэм къыщыщІэдзауэ абы къыхещыпкІыж лъэпкъ тхьэщІ зыкъыхэна псалъэ зэрыуэхэр, псалъэжьхэр. Нобэ ирихьэлІэу апхуэдэхэм я бжыгъэр мин 11-м нэсащ. Абы льандэрэ зэхуихьэсыжа куэдыр щыхуэхэм къызэрыхуаІуэтэжам хуэдэу ихьуащ, тхьилъ щхьэхуэхэми ихуащ.

- Нэхъапэ Іуэрыіуатэр зэхуэзыхьэсыжахэм къыдагъэкІа псалъэхьэр зэрыгуэшар гупих-блыуэщ. Ар сфІэмащІэ хъури, сэ зэхуэсхьэсар гуп 33-уэ згуэшащ. ИпэжьпІэкІэ жьпІэмэ, щэ ныкъуэуи бгуэшмэ хъуну щытащ, щІыхь гъащІэм и лъэныкъуэу апхуэдизкІэ куэд псалъэжьхэм къаубыдри. Ауэ а псомкІи зэфІэкІауэ къэпльытэ хъунукъым лъэпкъым и беягъ мыкІуэщІыр зэхуэхьэсыжьныр. Сыту жьпІэмэ, адыгэу дунейм тетыр нэхьыбэу здэщІэ хамэ къэралхэм мы Іуэхум иджыри гъунэ щраГъакъым. Ар иджыри ди лъэпкъым къыпэщІытщ. Дыщыгугъынщ мы Іуэхуми, адыгэм и лъабжьэ беягъыр къэхутэжыным ехьэлІа нэгъуэщІхэми пызыщэн щэныгъэлІ ныбжьыщІэхэр ди лъэпкъым дяпэкІи къыхэкІыну. Апхуэдэ жьлэ зэрыдиІэм шэч хэлъкъым. Абы и щапхъэ хьэзырщ нобэ нэхъыжьхэм я Іуэхуфіхэм къыпэщІэ ди щІалэгъуалэр, - жеІэ Алий.

Илъэс 80-м къыхиха гъащІэ гъуэмылэмкІэ жумарту къыддэгуэшащ Алий. Ауэ ар ди пІлэм зы мащІэкІи къытещІэ хьэлъэгъакъым, атІэ гугъуехьри дунейри пщызыгъэпсынщІэ дахагъащ. Тхьэм дяпэкІи гугъэфІэн гъащІэ ущимыгъащІэкІэ, Алий!

БЕМЫРЗЭ Зураб.

● Дифі догъэтъапІэ

Шэрджэс Алий. *2001 гъэ*

Алий и адэ-анэр.

Шэрджэс Алий. *1969 гъэ*

● Налшык. ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм

Мыпхуэдэ тепІъэгъуэ дахэ ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм дыгъуасэ щилъэгъуащ ди сурэттех Къарей Элинэ.

● ГъэщІэгъуэнщ

Алий Хэкум къэзышэжар

Блэкіа лІэщІыгъуэм и 30 гъэхэм Къармэхьэблэ курыт еджапІэм егъэджакІуэу щылэжьащ Бэрокъуэ Зырамыку. Абы иригъаджэрт тхыдэмкІэ, географиемкІэ, астрономиемкІэ. Ар езыр Къэсейхьэблэ щыщт. Зырамыку 1919 гъэм къуэхат Каир дэт Аль-Азхар университет щІэрыІуэр.

БЭРОКЪУЭР ди къуажэм дэсыху зыщыпсэуар си адэшхуэ Мырзэкъан Хьэмид и унэрщ. ЩІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Зырамыку хьэрыпІбзэр, тыркубзэр, зэмыщэбзэр, урысыбзэр фІы дыдэу ищІэрт. А зэманым ар Наркомпросым ирагъэблагъэу, абы щекІуэкІ лэжьыгъэм и псалъэ хилъхьэфу щытащ. Псалъэм папщІэ, адыгэ тхэкІэр латин алфавитым къытекІыу кириллицэм щыхуэкІуэм а лэжьыгъэр зэфІэзэгъэкІа комиссэм хэтат.

Хэку зауэшхуэр къэхъеи иужь Бэрокъуэр я къуажэ Къэсейхьэблэ Іэпхъуэжри, ефэндыуэ лэжьащ. 1944 гъэм ар игъэтІысри, илъэсипщІкІэ щыІащ Сыбрым. Абы къикІыжа нэужь Зырамыку ди адэшхуэм деж мыз-мытІэу лъагъунЛъагъуэ къакІуащ, сощІэж ахэр кІыхьу зэпсалъэу зэбгъэдэсу зэрыщытар. Зырамыку теухуауэ ди адэшхуэм куэд жиІэжырт. Абыхэм ящыщщ мы хъыбарри.

Зауэр къэхъеиным куэд имыІэжу, абы и деж къэкІуат щІалэ къамылыфэ, и щхьэц фІыцІэр дэжьеяуэ, езыр мыщхьэпэ лъагэу. А щІалэр щежьэжьым мыр жиІэу зэхэсхащ: «Зырамыку, уэ сэ къысхуэпщІар игъащІэкІэ сщыгъупщэнкъым, уэр мыбъамэ сэ си Іуэхур къыззрекІуэкІынур хэт ищІэнт?» Иужькіэ «а щІалэр хэт?» жысІэу сыщеупщІым, «ар Щоджэнщ!ыкІу Алий жыхуаІэращ, усакІуэщ, дэхуэхауэ Истамбул къыщыскъуэззри къыздэсшэжауэ щытащ», - жиІащ. Езы Зырамыку Сыбырым къикІыжа нэужь куэдрэ псэужакъым.

МЫРЗЭКЪАН Къазий.

P.S. *Мы тхыгъэ кІэщІыр редакцэм къыщІэзыхьар тхыдэтх, тхакІуэ Бейтыгъуэн Сэфарбийщ. Абы зэрыжиІэмкІэ, Къазий кьиІуэтэжыр фІэгъэщІэгъуэн хъури иригъэтхауэ ярагъ. Къазий Къармэхьэблэ щыщщ, и Іэщ Іагъэкіэ зоотехникщ, ауэ тхыдэм еджэ, абы куэд хэзыщІыкІ цІыхущ.*

ЩІэч хэмылъу, гъэщІэгъуэнт Бэрокъуэ Зырамыку и гъащІэм теухуауэ нэхъыбэ къытщІэныр. Абы и щІэблэм, нэхъыжьхэм къытхуаІуэтэжыр ди гуапэу ди газетым тедзэнщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къуаншэхэр жэуапым ирашалІэ

Балигъ мыхъуахэмрэ щІалэгъуалэмрэ я Іуэхукіэ законкэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыным хуэунэтІауэ нэгъабэ зэфІагъэкІахэр КъБР-м и прокуратурэм щызэхалъхьэжащ.

ОТЧЕТ лъэхъэнэм кІриубыдзу ныкъусаныгъэ 6859-рэ кьахутащ. Хабзэм къемызэгъ правовой акту 532-рэ къызэтрагъэувыІащ, щыщІэныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну яхуэзыгъэув тхылъу 713-рэ ятхащ. Абыхэм хэпльэри, кІуалыкъущІэ 899-рэ дисциплинэ жэуапым ирашэлІащ, прокурорым и унафэкІэ щІыху 282-м административнэ тезыр тралъхьащ, 276-м хабзэм теКІ зэрымыкъуэнуг гурагъэІуащ. Следствэмкіэ Іэнатіэхэм ирата тхылъ 40-м япкъ иткІэ уголовнэ Іуэхуу 39-рэ къызэІуахащ.

Балигъ мыхъуахэм я гъащІэр, я узынщагъэр, унагъэр, анагъэр, адагъэр, сабиигъуэр хьумэным пыщІа ныкъусаныгъэу 4950-м щІигъу къыщІагъэщащ. Абыхэм ящыщу 4750-р егъэджэныгъэм и Іуэхущ!апІэхэм хуозэ.

Сабий зеинщэхэм, адэанэм я кІэлъыплъныныгъэм щІэмытыжу къэнахэм псэупІэмкІэ я хуитныгъэхэр зэрагъэзащІэр гъэкІуам и етІуанэ мазихьм къапщытати, щыщІэныгъэ куэд къыщагъэутащ. Къапщтэмэ, апхуэдэ сабийхэм я спискэ зэгъэуІуам щІыху 1425-рэ къыщыгъэльэгъуащ. Абыхэм ящыщу илъэс 18 ирикъуауэ икІэщІыпІэкІэ псэупІэкІэ къызэрагъэпэщ!ын хуейхэр 1006-рэ мэхъу. Ар гъэзэщІа хъуакъым.

Къэпщытэныгъэм кІрикІуам икъ иткІэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ!ым и щІэкІэ тхылъ ягъэхьэзыраУэ, мы зэманми абы хоплъэ.

Прокуратурэм и Іэнатіэхэм мы гъэм къапэщытщ къыщІагъэща ныкъусаныгъэхэр ирагъэгъэзэкІуэжыну, балигъ мыхъуахэм яхуэгъэзауэ зылэжьхэм хабзэкІэ жэуап ирагъэхьыну.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ!апІэ.

● Дзюдо

Новосибирск къапоплъэ

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щІышылэм и 14 - 16-хэм щекІуэкІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм дзюдомкІэ и зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ 1999 - 2001 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІи 100-м щІигъу.

ИДЖЫРЕЙ зэхьэзэхуэм пашэныгъэ къыщызыхьахэм Іэмал ягъуэтащ мазаем и 10 - 15-хэм Новосибирск щекІуэкІыну Урысейпсо чемпионатым хэтыну. Апхуэдэхэщ ди спортсменхэм ящыщу жэз медалхэр къэзыхьахэу Мингалиевэ Іэминэрэ (кг 52-рэ) Ерчэн Темболэтрэ (кг 73-рэ). Ахэр ягъасэ Рахманов Валерийрэ Иванов Дмитрийрэ.

КъищынэмыщІауэ, нэхъапэІуэкІэ екІуэкІа зэхьэзэхуэм щызыІэрагъэхьа текІуэныгъэхэм ящхь иткІэ хэралпсо зэпеуэм хэтыну Іэмал къахуэкІуэкІащ Хъардзыщ Аидэ (кг 57-рэ), Уянаев Тимур (кг 50), Мисиров Исмэхьил (кг 55-рэ), Ахьмэт Астемыр (кг 90-м щІигъу) сымэ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Налшык дэт «Гладиатор» спорт зыгъэсапІэм щІышылэм и 17 - 20 хэм щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и школакІуэхэм локобаскет спорт лІэужьыгъуэмкІэ я зэпеуэ. Ар къызэриГъэпэщащ КъБР-м СпортымкІэ и министерствэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ гуп 14. Ахэр гуэшауэ щытащ къызэдикІа щІыпІэм ехьэлІауэ. «Ищхьэрэ» гупым щыщу апэ увыпІэр къахьащ Налшык дэт гимназие №4-м щеджэ щІыкІуэ Лэскэн ЕтІуанэ хуущ Лэскэн щІыналъэм хьэхьэ Анзорей къуажэм и школ №1-м щІэс сабийхэр. Ещанэ увыпІэр яльысащ Прохладнэ къалэм и лицей №3-м щеджэхэм.

«Ищхьэ» гупым къыщыхэжаныкІащ Налшык дэт курыт школ №5-м и еджакІуэхэр. Бахъсэн къалэм дэт 8-нэ школым етІуанэр иубыдащ. Шэджэм щІыналъэм и школ №2-р ещанэщ.

ЛокобаскетымкІэ кІэух зэпеуэр мазаем и 29-м екІуэкІынущ. Абы щытекІуэхэр Астрахань щызэхэтыну Урысейпсо зэпеуэм ягъэкІуэнущ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

● Локобаскет

«Ищхъэрэри» «Ипщэри» къикІуэтынукъым

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и хуэдэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ!эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щ!хьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ!апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; зыхьабырыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ!апІэм -42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитныгъэр хъумэныкІ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ!апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыддэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ ЭлІэ, редактору Чэрим Марианнэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ (1, 2-нэ нап.), Щ!хьэщэмыщІ Иэз (3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепІэгэ ящІащ **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *суэттехым елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №93